JEHOVHA-JIRE [2]



Ngatirambei takasimuka, kwechinguvana, tichikotamisa misoro yedu.

[2] Baba veKudenga, tinotenda, manheru ano, nemukana watinawo, wekuuya zvakare kuimba yekunamatira, kwatinozviunza isu nematambudziko edu kwaMuri, kuti Makavimbisa kusangana nesu pano pasi peRopa rakadeurwa. Nzvimbo yoga yakapihwa iyo Mwari vakambova nayo yekuti mutadzi, kana ani zvake aikwanisa kusangana naMwari, yaiva pasi peRopa rakadeurwa. Saka tinouya muZita raIshe Jesu, tichiziva kuti Makavimbisa kuti kana—kana tikakumbira chero chinhu muZita iroro, chinofanira kupihwa. Tinotenda maMuri, Baba. Batsiraiwo kusatenda kwedu. Tinonamata kuti kuungana kwedu pamwe chete, manheru ano, kugova mukubwinya kwaMwari, kuti Mwari vagokudzwa, uye Zita raVo rigocherechedzwa pakati pevanhu. Nokuti tinozvikumbira muZita raJesu, Mwanakomana waMwari. Ameni.

Mungagara henyu pasi.

[3] Ndinotora uno semukana mukuru wekuva pano zvakare manheru ano, nekuona boka rino revanhu vakanaka vakaungana pano. Ndinotenda, vakati yaive nzvimbo yekuratidzira zvinhu. Ndakaita misangano, potse, mumhando dzose dzenzvimbo pasi rose. Ndinorangarira kunze uko muCalifornia, ndakava nemisangano 2 kana 3 ikoko kuCow Palace, vanoidana kudaro. Uye kubva pane dzakakura zvakasiyana-siyana, kamuri diki inokwana vanhu 5 kana 6, kusvika, zvinoka, gungano gurusa ratati takambova naro panguva imwe chete, kwaive kuBombay, 500,000 pamusangano mumwe chete.

[4] Asi, Bombay, chinhu chikuru, Ishe vedu vakaponesa vanhu vazhinji. Dai taingokwanisa chete kuita kuti machechi ashande pamwe chete, vaigona kutora maHindu iwayo nevamwe vakadaro. Uye vaitova chaivo, vatinoti, "vasingatendi." Chose hacho chisingatendi muna Ishe Jesu Kristu, tinochidana kuti "munhu asingatendi." Uye kwaiva chaizvoizvo nezviuru zvakagamuchira Kristu, asi waikwanisa . . . kusatongokwanisa kusvika kwavari.

[5] Kuzoti kuDurban, South Africa, takanyora pasi ikoko, vanhu vacho, 30,000 pakudana kuartari kamwe chete, mamwe masikati. Ikoko, zuva rakatevera racho, meya, Sidney Smith, weDurban, nemarori aya makuru eBritain angasvika 7 kana 8 aive akangozadzwa nemadondoro ekare nezvinhu zvakanga zvafambwa nazvo nevanhu, kwemazana emamaira. Kana kuti, vakanga vauya navo kwemavhiki, vachidzika nemumasango, vari pane zvekutakurisa vanhu. Aive Akazara nazvo izvozvo.

6 Meya vakandifonera, vakati, “Endai pahwindo renyu rakatarisa kuIndian Ocean, kunze ikoko kwehotera,” vakati, “uye muchaona chimwe chinhu chamusati mamboona zvachose.”

7 Zvino hepano marori makuru iwayo aive akangotutirwa, nezvatingadana kuti, madondoro nezvekutakurisa vanhu, nezvimwe zvakadaro, zvekutakurisa vadikanwi vavo kubva musango. Uye vanhu vaiva pazviri, nezuro wacho, vaitofamba vari shure kwerori racho, vachiimba kuti *Tenda Chete* mumutauro wavo. Zvirokwazvo zvaifadza kuzviona izvozvo.

8 Uye imomo maiva navanachiremba. Vazhinji vacho vakaongorora nyaya dzacho, kuti vave nechokwadi kuti vakanga vave raiti. Hatidi kubuditsa chimwe chinhu, kana kudhinda chimwe chinhu, kunze kwekunge chagona kuratidzwa, kuti ichokwadi. Chinofanira kuratidzwa!

9 Ndichangobva kuwana tsamba kubva kune mumwe . . . nguva pfupi yapfuura. Yangouya kwandiri. Ndichiremba mazvikokota, ane mukurumbira muIndiana. Iye muKatorike, pakutenda. Uye mwanakomana wake muprisita mumusha wevaprisita muSt. Meinrad kuJasper, Indiana. Ava vanga vari Chiremba C. Ackerman. Zvino zvakaitika kuti ndakasangana navo parwendo rwekuvhima, kamwe. Uye vanga vachivhima kwemakore 11, kuti vawane elk. Vakatadza kuwana kana imwe zvayo. Zvino husiku ihwohwo, takagara kusvika nguva dzingaita 2 o’clock, tichitaura nezvaShe.

10 Ndakanzwa kuti chiremba uyu aive kumusoro ikoko kumusasa. Saka pandakasvikako, ndaive ndakatarisira kuona mumwe munhu anozvitutumadza uye asina kana hanya. Asi ndakasangana nemhando yemurume akanaka kwazvo, anotapira. Vakafambapo vachiuya, vakati, “Ndimi Hama Branham here?”

Ndokubva ndati, “Hongu, changamire, ndini.”

Zvino vakandimhoresa neruoko. Vakati, “Ndini Chiremba Ackerman.”

Ndikati, “Nhaika, ndafara chaizvo kukuzivai.”

11 Takatanga kutaura nezvaMwari, uye nekuti kana Vakambova Mwari, Vanofanira kuramba vari Mwari, kana kuti haVana kumbobvira vava Mwari. Maona? Mwari wenhoroondo haana kunaka nhasi, kana Asiri mumwe chete kuvanhu nhasi sezvaAiva kareko.

12 Saka, nguva dzingaita 3 o’clock, isu, oo, mu—mutungamiri akatimutsa. Uye ndaive . . . ndaive ndichitungamirirawo, zvakare, saka takanga tiri kuzotora rwendo, totora varume vedu kunzvimbo dzakasiyana kwataizotungamira. Tiri munzira tichidzika, Chiremba Ackerman vakapihwa kwandiri.

13 Zvino tiri munzira tichidzika, vakamira, apo kwoda kutoyedza. Vakaisa ruoko rwavo pabendekete rangu, vakati, "Hama Branham?"

Ndikati, "Hongu, changamire, chiremba."

14 Vakati, "Ndakanyatsogutsikana naJesu Kristu." Vakati, "Ndine mukomana, munoziva, muprisita pano pamusha wevaprisita."

Ini ndikati, "Hongu, changamire."

15 Vakati, "Ndiri muKatorike, pakutenda. Ndinofunga kuti ndiyo chechi yacho." Vakati, "Zvino, ndinotenda kana—kana Vakambova Mwari, ndiMwari wevanhu vose."

16 Ndikati, "Ndizvozvo chaizvo. Vakasika vanhu vose. Uye neRopa rimwe Vakagadzira ndudzi dzose."

17 Ndokubva vati, "Hongu, changamire, ndinozvitenda izvozvo." Vakati, "Ndakaverenga mabhuku enyu." Vakati, "Ndiri kuvimba mune izvi. Ndinotenda kuti, kana imi mukakumbira Mwari, kuti vandipe elk nhasi, ndinotoiwana." Vakati, "Makore 11 andakaavhima; ndakabatwa nemadutu echando."

18 Ndikati, "Ndichakumbira Ishe kuti vakupei imwe, chiremba. Ndizvo zvoga zvandinogona kuita." Zvino pandakaVakumbira, ndokuvanamatira. Ndakati, "Chiremba, nenguva dza 9 o'clock chaidzo, mangwanani ano, Ishe vachakupai bhuru reelk rine nyanga dzine ma—mapazi 5."

Ndokubva vati, "Ndinozvitenda."

Ndizvo zvoga zvavanofanira kuita. "Kana mukazvitenda."

19 Saka, imwe shamwari pamwe neni, takakwira pamusoro pechikomo, ndokutarisa wachi. Na 9 o'clock pfuti yakarira. Vakawana elk ine nyanga dzine mapazi 5. Takaenda tikanovabatsira kuiunza.

20 Vanounza varwere vavo kuti vanamatirwe. Ndichangobva kuwana imwe yakatanhamara izvozvi, yekuti vane munhu ane kenza, mumwe mudzimai ari kufa nekenza, vangada kuuya kuno nendege. Asi ndiri kuenda kumba, kuswera mangwana, mushure, kuswera mangwana. Saka ndakavaudza kuti, ingomirirai kusvika tasvika imomo, tinozonamatira mudzimai iyeye kana tasvikako.

21 Saka, munoona, vazhinji, kana nyaya yacho ichigona kuendeswa kumunhu wacho zvine musoro! Kupodza kwaMwari kwakataurwa nezvako kakawanda kwazvo, uye nekupengereka kwakanyanyisa kwakabatanidzwa mazviri, sezvazviri mune zvimwe zvese. Chero—chero mhando yechitendero kana chero chinhu chipi zvacho, unowana vapengereki.

22 Kunyangwe muna anaMohamedhi, unoona kuti zviriko, uye nemaHindu. Unowana mumwe munhu ipapo, munyengeri wekare achiita mashiripiti kune vamwe vashanyi, achirara

pazvipikiri nezvimwe zvakadaro, girazi. Asi seri mukati, mune mumwe munhu anotenda zvechokwadi mazviri. Ari kuita izvozvo sechibayiro.

23 Uye—uye tinoona izvozvo mune zvese hazvo. Tinoona kupengereka. Kunyange uyo anodya zvekupengereka achidya zvakawandisa. Kana, kana, chimwewo chinhu!

24 Asi kana nyaya yacho ikanyatsoratidzwa muMagwaro, zvino hapana chinogona . . . Ndinowana vanachiremba vanotenda vazhinji kupfuura vafundisi vanotenda. Ndinowana. Ndinowana zvechokwadi. Vazhinji vanototenda.

25 Ndaive pahurukuro kuMayos'. Kana muchizviziva mese, zvaiva kwese hako mumapepanhau, nezvimwe zvese. Uye makiriniki akanaka avanachiremba kwese-kwese. Hapana chinhu. Vanozvitenda. Nda—ndakava navanachiremba vakauya kuzondiudza, sepaindavhiyu ipapo, vakati, "Hatimbozviti tiri vapodzi. Tinoti tinobatsira pane zvakasikwa. Panongova nemupodzi mumwe chete; ndiMwari."

26 Vangani vakaverenga *Reader's Digest,* raDonny Morton mudiki uya, iro vakasaina kwazviri kuti, "akapodzwa"? Uye, "Chishamiso chaDonny Morton," *Reader's Digest*. Saka, izvozvo, izvozvo zvakandipinza muindavhiyu nezvazvo. Mukomana mudiki iyeye akanga atadzirirwa neveMayos', Hopkins, nevamwe vese. Zvino Ishe Jesu vakamupodza, ndokumuita mutano.

27 Uye Florence Nightingale, mwana wemuzukuru wemushakabvu Florence Nightingale, London, England. Akabhururutswa nendege kubva kuDurban, South Africa.

28 Uye nyaya yacho yakataurwa nepasiripo. Zvakangofanana ne . . . sepanguva zhinji mu . . .

29 Uye Chikristu chinotaurwa nepasiripo kuvanhu. Chikristu chakaratidzwa kuvanhu sekutaura chitendwa chesangano. Chikristu chitori Munhu mupenyu chaiye, Jesu Kristu, Mwari vakamuka, vari vapenyu uye vari pakati pedu iye zvino. Chikristu Munhu, kwete chimwe chitendwa. "KuMuziva ndihwo Hupenyu." Kusiri kutomboziva Shoko raKe; handiwo Hupenyu ihwohwo. "KuMuziva," uye Ndiye Shoko.

30 Mumwe muchinda akati kwandiri, kasiri kare, akati . . . Ndakanga ndichingokurukura nezve . . . zvatakafunga pamusoro perimwe Gwaro muBhaibheri. Muchinda uyu aive mudzidzi chaiye. Akati, "Zvinoka, hautongozivi Bhaibheri rako iwe."

31 Ndikati, "Ndinoziva Munyori waro zvakanyatsonaka." Saka, ndicho chinhu chikuru, kana ndichiMuziva. Achagadzirisa zvimwe zvacho zvose. "KuMuziva ndihwo Hupenyu."

32 Uye, zvino, mangwana mangwanani, muchivakwa chino, umo, munhu wangu anowonana neveruzhinji, Chiremba Lee Vayle, vari pano. Kana paine mibvunzo mupfungwa dzenyu,

huyai, vachaupindura, kuita zvose zvavanogona, kukubatsirai. Chiremba Vayle vari pano. Ndinotenda vari nechekumashure muchivakwa zvino. Mudzidzi akanaka kwazvo, uye murume akanyatsodzidziswa pabasa racho. Saka, kana paine ane mubvunzo, kana chimwe chinhu, zvino pane kungoedza kuubvunza zvino, mumusangano weruzhinji sezvizvi, handiti, onai Chiremba Vayle. Vangafara kutaura nezvechero chinhu chipi cha—chamungade kutaura navo. Uye zvakare vane shumiro pano, mangwanani. Uye tingafara ku—kusangana nevanhu pano.

33 Uye, zvakare, Svondo mangwanani ichava Sunday school, muguta rose. Hati—hatiedze kutora Svondo, Svondo mangwanani kana Svondo masikati, muodhitoriyamu muno, nekuti hazvi—zvina kunaka.

34 Munoona, machechi, mungava wako—wako webasa uri kuchechi kwako—kwako. Uye kana chechi iine sevhisi, ndiyo—ndiyo inofanira kunge iri nzvimbo yako. Uye hatidi kuti chero ani zvake abude, kana iwe uine nzvimbo yebasa rako rekuona nezvaro. Kana chechi yenyu ichiva nerumutsiriro, uye zvikaitika kuti tasvika muguta ramuri kuva nerumutsiriro, hatirevi kuti tidaro, kwete zvachose. Tiri pano mukuyanana kweChikristu, kutsungirira nevamwe, kuva nemutsa kuvanhu vose, machechi ose. Hatiite . . .

35 Handisi wechero sangano ripi zvaro, zvachose. Handisi wechero sangano ripi zvaro. Ndi—ndinongova Mukristu. Uye ini, ingava runziro ipi zvayo yandinayo, ndinongoedza kuishandisa ku—kuremekedza Kristu, nekuunza vatadzi pakutendeuka. Uye ndizvo zvoga zvandinoziva kuita. Ndichitarisira, paZuva iroro, uye ndichivimba kuti Achati, "Zvakaitwa zvakanaka." Uye ndiwo mashoko andinoda kutaura . . . kuMunzwa achitaura.

36 Ndakagara ndichifunga. Ndaingada kuMunzwa paainge Akamira akatambanudza maoko aKe zuva riya, zvino oti, "Huyai kwaNdiri, imi mose makaneta makaremerwa." Zvino, kaive kare aka. Asi, "Waita zvakanaka, muranda waNgu akanaka uye akatendeka," zvichave zviri mune ramangwana. Uye, ini, ndiri kurarama kuti ndigozonzwa izvozvo zvichitaurwa.

37 Uye zvino, zvakare, Svondo masikati, tiri kuzonamatira vanorwara. Dzimwe nguva vanhu vanodzidaidza kuti shumiro dzekupodzwa. Zvino, haisi shumiro yekupodzwa. Kunamatirwa kwevanorwara. Maona? Tinonamatira vanorwara. Uye, kazhinji, ndipo panoitika zvinhu, ndeapo patinonamatira vanorwara.

38 Ndinoda mushumiri wese, munyika yose, kumativi ose, anotenda, kuti auye, ave nechokwadi chekuuya neSvondo masikati, omira pamwe nesu patinenge tichinamatira vanorwara. Zvisinei nekuti sangano rako nderipi, kana chero zvaringava, hatina basa nazvo. Zvirokwazvo, une kunzwira

vanhu vako, uye nevanhu vari ivo vanhu vaMwari, uye nevanhu vanoda kupodzwa.

39 Rangarira, kana uchirwara, basa rako rekutanga kuona chiremba wako uye woona zvaanotaura. Uye kana akaongorora hurwere hwechimwe chinhu cha—chaasingakwanise; sainzi, chisina kugona kuzarurwa nesainzi kwaari kuti iwe ubatsirike, zvino une kodzero yekuuya kuna Mwari. Ndiye Murapi mukuru. Uyezve . . .

40 Uye wonamata, uye vova nemunamato pamusoro pako. Vanozviita, vanofanira kuzviita, muchechi yose yeChikristu. Zvichida, vanodaro pano. Handizive. Asi nzvimbo zhinji dzacho, Makristu vanonamatira varwere vavo. MaPresbyteriani nevazhinji vavo vari kuva nemisangano mikuru yekunamatira vanorwara kumaodzanyemba kwose, nenzvimbo dzakasiyana-siyana dzenyika, vachinamatira vanorwara, uye vachiva nekubudirira kukuru; Presbyteriani, Lutherani, Methodisti, vazhinji vavo.

41 Rumutsiriro rwavo rwukuru rwakatanga nemisangano yekunamatira vanorwara. Zvino saka vakabva pazviri, hongu. Boka idzva rinopinda, ivo, boka revamwe varume vanoungana pamwe chete voRipatsanura nenzira yavanoda, uye zvekare vobva paRiri, munoona, kudzokera chaiko kuchitendwa chiya, sevaFarisei nevaSadhuse venguva yaIshe Jesu.

42 Asi zvino, mushumiri wese anokokwa, Svondo masikati, kuti auye kuzova pamwe neni, ne—nekundibatsira patinenge tichinamatira vanorwara. Hunzai vanorwara venyu nevanotambudzwa.

43 Zvino, tiri kuedza zvino kuti vanhu . . . kuti tiwane vatadzi vasingazive Ishe wedu, vasingacherechedze kuti haAna kufa. Ari kurarama. Iye, haAna kufa. Mupenyu, nekusingaperi. Zvino Akati, "Nokuti Ndinorarama, nemiwo munorarama." Ivimbiso yakadini, uye inyaradzo yakadini, patinoona nguva ichiswedera!

44 Makristu ose echokwadi vanotenda kuti Kuuya kwechipiri kwaKristu kwava pedyo. Kuti kuri kure zvakadini, hatizivi. Maona here Alaska iine kumwe kundengendeka kwenyika kushoma nhasi? Kumwe kwacho, kwakasimba sezvanga zviri kwekutanga kwacho, hakuna kungoiwondomorera pasi chete. Munoziva, Jesu akati mhando yezvinhu zvakadaro zvaizoitika nguva pfupi Kuuya kwaKe kusati kwasvika.

45 Uye, rangarirai, zvinhu izvi zvamuri kuona zvichiitika pano, Shoko rakafanotaura kuti zvaizova pano, zvimwe chetezvo nezvaAkafanotaura nezvekudengenyeka kwenyika. Saka, pamwe chete, tadii tangobatanidza mwoyo yedu pamwe chete, uye toubatanidza muShoko raMwari, uye totenda nemwoyo yedu yose? Zvakanaka.

46 Zvino, manheru apfuura, takanga tiri . . . ndakatora chidzidzo chaAbrahama, paakadana zita raShe vakaonekwa

kwaari kumusoro uko pachibayiro chemwanakomana wake, kwaanga ari kuzodaro. Zita racho rainzi *Jehovha-Jire,* zvinoreva kuti, "Ishe vachazvipa pachaVo chibairo."

47 Zvino, manheru ano, ndine Magwaro mashoma nemanotsi, kana 2, akanyorwa pasi pano, andinoda kusiya—kusiya kwamuri. Zvino, tisati tadaro, ngatinamatei kwechinguvana, zvakare.

48 Baba, tinonamata kuti Mutore Shoko reNyu. . . "Shoko reNyu iZvokwadi." Zvino Bhaibheri rakati, Jesu achitaura, akati, "Shoko iMbeu yakadyarwa nemukushi." Zvino tinocherechedza kuti kana mbeu iri mbeu yakanaka, ine chizenga chehupenyu. Uye kana mbeu iyoyo yaitwa, hurongwa hwayo mu—mukuda kwaMwari, zvino inosiya mbeu ine chizenga chehupenyu. Zvino Jesu paaiva panyika, ndiYe aiva Muzambiringa iwoyo. Uye mbeu yaAkadyara yaive Shoko raKe, uye tinoziva kuti inomereswa neHupenyu hwaKe iYe.

49 Uye tinoziva kuti kana mbeu, ikawira mumhando yevhu rakanaka; kwete pamatombo, paisina mudzi; kana muminzwa nemurukato, zvinozoivhunga nenguva isipi; asi mukutenda kwakanaka, kwakapfuma, kunobereka. Mbeu yose inobereka zverudzi rwayo.

50 Uye tinoziva kuti mbeu yose, kana kuti vimbiso yaMwari, inobereka zverudzi rwayo, zvayakavimbisa, kana ikarova pa-. . . ivhu chairo, ivhu rakagadzirwa, rakatogadzirira; ma—matombo ose akakandwa kunze, nemidzi, nenduru, nehundini, nekushaya hanya, negodo, zvose zvakabviswa; mudzi wenduru iwoyo unosimuka, zvokuti dzimwe nguva unokanganisa chinhu chacho chiri kuedza kuitwa naMwari. Tinonamata, Mwari, kuti izvozvo zvisava pakati pedu, asi kuti Shoko rakanaka riwane nzvimbo yakanaka mune ava.

51 Patiri kutevedza tateguru mukuru uyu, Abrahama, muchidzidzo manheru ano, dai tawana nzvimbo yedu, tichiziva kuti tiri vana vaAbrahama, nokutenda muna Kristu. Uye, zvino, wanai mbiri kuZita reNyu iMi nekukudzwa, nekuti tinozvikumbira muZita raJesu Kristu. Ameni.

52 Tichaita sekudzokorora zvishoma manheru ano, pachidzidzo chezvataitaura nezvacho manheru akapfuura. Chaiva, chekuti, takaona Abrahama achitangira, muna Genesi chitsauko 12. Chaizvoizvo, zita rake rakataurwa muchitsauko 11, baba vake pavakaburuka kubva kuBhabhironi ndokugara mu—muUri neiyi. . . nyika yevaKaradhea.

53 Uyezve tinoona kuti, zvakare, kuti Mwari vakadana Abrahama, achingova munhuwo zvake achinzi Abrama. Akanga asati ava Abrahama ipapo. Uye, naSara, "Sarai," Sara akanga asati ava Sara ipapo. Saka tinoona kuti, *Sarai* na*Sara* vaive 2 vakasi-. . . aive mazita maviri akasiyana. Uye *Abrama* na*Abrahama* aiva mazita 2 akasiyana.

54 Zvino tinoona kuti, mune izvi, takamuunza manheru apfuura, kusvikira pakusimbiswa, kwekuti Mwari vakasimbisa kwaari sungano, kuti Vaizoratidza sei kuna Abrahama kuti Vakanga vari kuzochengeta vimbiso yaVo. Zvinowanikwa muchitsauko 15 chaGenesi ichi. Kuti sei . . . Zvino Abrahama akadanwa munguva yemanheru, kuti abaye, auraye mhuru kana kuti tsiru duku, nesheche yembudzi, negondohwe. Zvino takapinda mune izvozvo manheru apfuura, kuti hadzi mbiri idzodzo nemukono. Uyezve njiva mbiri, kana kuti hangaiwa nenjiva, dziri mhuri imwe chete; uye ndokuwana humirìriri hwazvo, kuti izvozvo zvakagara zvichimiririra kupodzwa. Zvinova kuti, hazvina kumbochinja. Kupodzwa kwakagara kuri kubudikidza nekutenda. Asi yananiso, honguka, yaive yakapatsanurwa kubva kuhupenyu hwemhuka kuenda kuhupenyu hwemunhu.

55 Zvino, muTestamende Yekare, munamati paanouya neropa. Mwari vanongosangana nevanhu pasi peRopa rakadeurwa chete, nzvimbo yoga yaVakambodaro kana yavachazombodaro. Havambofa vakasangana newe nechitendwa chako. Havambofa vakasangana newe nedzidzo yako. Vanosangana newe pasi peRopa; ndiyo nzvimbo yoga. Israeri yose yainamata pasi peropa.

56 Uye tinoona ipapo zvino, zvakare, kuti takaona (chii?) kumashure munhoroondo yeizvo, kuti sungano yakaitwa sei nevanhu, uye tinoona kuti mumhando yekuMabvazuva nenzira dzakasiyana dzavanoita nadzo sungano. Uye maitiro atinoita nhasi, nekukwazisana maoko, nezvimwe zvakadaro, uye toti, "Zvisimbise!" Zvino vemuJapan vanomwayana munyu, sesungano.

57 Uye—uye nekufamba pasi rose, zvino unowana chikamu chikuru chenyika chichiri muchinhano chimwe chete chayaive mumazuva ekare iwayo, kunyanya kunyika dzeKunobudira zuva neKumabvazuva. Bhaibheri Rako rinobva rava bhuku idzva kana ukamboenda Kumabvazuva, haumbofa . . . seri uko muJerusarema, Parastina, seri ikoko. Ucha . . . Bhaibheri, Rakanyorwa mune . . . Tiri vanhu veChirungu kuno uku, nevanhu veKumadokero, kuedza kunzwisisa bhuku reChirungu, saka chinhu chakaoma kwazvo. Kana ukaenda kuseri ikoko, unoona kuti wanano nezvimwe zvose, uye chaizvo nenzira yavaizviita nayo munguva yaKristu. Zvinhu zvizhinji ikoko hazvina kumbochinja zvachose, mutsika pamwe nenzira dzavo.

58 Uye zvino isu, mune izvi, tinoona kuti pavaiita sungano iyi mumazuva iwayo, va—vaiinyora paganda rehwai, kana kuti—kana kuti dehwe. Uyezve vaiuraya mhuka, vomira pakati pezvidimbu zvacho. Uye voicheka, sungano yavo iyi, kana kuti nepakati, mashoko avo; voibvarura nepakati, sa*izvozvo*. [Hama Branham vanobvarura bepa nepakati—Mupepeti] Uye pazvainounzwa pamwe chete, *izvi* zvaitofanirwa kupfekerana

chaizvo zvimwe chetezvo. Zvaifanira kusangana, chidimbu nechidimbu, kuitira kuti zvisatevedzerwa. Saka naizvozvo tinoona zvino, kuti, muchidzidzo chedu manheru apfuura, takaona zvakaitwa naMwari kuzoratidza sungano yaVo kuna Abrahama.

59 Zvino, Abrahama, vimbiso yakaitwa kuna Abrahama neMbeu yake yaizouya shure kwake. Kwete Abrahama oga, asi Mbeu yake. Zvino, zvino, mbeu, mbeu yaAbrahama yepanyama, aiva Isaka; asi Mbeu yepamweya yekutenda kwaAbrahama, aiva Kristu. Kwete kubudikidza naIsaka, nyika yose yakaropafadzwa; asi kubudikidza naKristu, Mbeu yeHumambo, nyika yose yakaropafadzwa, nokuti Akafira vanhu vose, marudzi ose nevanhu vose.

60 Zvino tinoona mune izvi, zvakare, musungano iyi, kuti Vakaratidza ipapo zvaVaizoita, kuti Mwari vaizobvarura sei Kristu Jesu. Uye mutumbi wakasimudzwa uye ugere kuruoko rwerudyi rwaMwari neHumambo Kumusoro, uye Mweya waKristu wakaunzwa pasi pano.

61 Zvino dai taiva nenguva, waigona kuzviratidza izvozvo. Chero chinhu, chimwe chikamu cheGwaro chinoti, Chinoenda nzira yose nemuBhaibheri. Kana Chikasadaro, zvino pane—pane chimwe chinhu chakatsveyama. Yekare yaingova mumvuri weItsva, ichifanoIratidza. Zvino, kana ukawana mumvuri, unogona chaizvo kunyatsoziva kuti Itsva yacho chii. Saka ndipo paAive, paari uye paachazova.

62 Zvino Mweya waKristu uyu wakadzoka pamusoro peChechi, zvakanyatsozadzisa chaizvo Johane 15 zvakare, paAkati, "Ndini Muzambiringa, imi muri matavi." Uyezve zvakare, Johane 14:12, "Uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaaitawo," mabasa mamwe chete, chinhu chimwe chete. Zvichienda zvichidzika nemuRugwaro! "Kana mukagara maNdiri, neShoko raNgu riri mamuri; kumbirai zvamunoda, muchazvipiwa." Zvinhu zvakawanda izvo Kristu . . .

63 "Kwechinguvana nyika haichazoNdionazve. *Nyika*," ipapo izwi rechiGiriki rokuti *kosmos*, rinoreva kuti *hurongwa hwenyika*, "haichazoNdionazve. Asi imi muchaNdiona, nokuti iNi," *iNi* chiri chisazitasingwi, "Ndichange ndinemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika," zvichiita Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Iye—Iye—Iye anoramba aripo. Akamuka kubva kuvakafa. "Nyika, uyo asingatendi, haaNdioni." HavaZvicherechedze. Asi mutendi achaMucherechedza, nokuti ndiYe Jesu mumwe chete waAgara ari. Haana kumboshanduka. "Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi!"

64 Uye zvino, uye Shoko iroro, vanhu vazhinji vanoedza kuRiita sekunge Risina kufemerwa. Zvino, ndinoda kutaura chimwe chinhu pano zvino, changouya mupfungwa dzangu.

65 Uye handitendi kuti purupiti yakagadzirirwa kuva nzvimbo yenyambo. Ino haisi nzvimbo yekuita nyambo. Uku ndiko kuperera. Uye patinoona Zuva raShe richioneka, tinofanira kuva takatoperera zvikuru.

66 Asi paiva nenya—nyaya yandakaudzwa, nguva yakapfuura, yemukomana we—wechidiki uyo . . . Uku kwaive kuBoston, zvino akaenda kure. Aive naamai vakanaka, pakutanga, kutanga nyaya yacho, uye amai vacho zvirokwazvo vaiziva kuti mwanakomana wavo aiva nekudanwa muhupenyu hwake, kuti ashumire Ishe. Uye izvozvo zvaizo—zvaizobatsira chero amai vapi zvavo, zvinofanira kudaro, chero amai chaivo vapi zvavo, kuziva kuti mwanakomana wavo . . . kuti Mwari vakavaremekedza nemwana achaparidza Evhangeri. Izvozvo zvinofanira kuva chinhu chinokosha kuhupenyu hwaamai chero vapi zvavo. Uye saka amai vanonzwisa urombo, vachiedza kuita zvose zvavaigona, vakamuendesa kuchikoro, uye kuseminari, kuti awane BA yake—yake.

67 Zvino saka paakanga asipo, amai vake vakarwara zvikuru. Uye saka ivo, sezvingaitwa neMukristu upi zvake, vakadana chiremba. Uye chiremba . . . Vaiva nemabayo kumativi ose ari maviri. Zvino chiremba akaedza zvose zvaaigona kuvaitira, ku—kurapa mabayo acho, uye pasina kana chakaitika. Akanga avapa mishonga ye—yesulphur, penicillin, nezvimwewo, kuti—kuti auraye hutachiona hwacho, asi hazvina kushanda. Amai vacho vakatowedzera kurwara, nguva dzose. Saka vakatumira shoko kumwanakomana wavo, aiva zasi kuAsbury, Kentucky, kuWilmore College, kuti auye kuzosha- . . . kuzovaona nekuti vakanga vari kuzofa. Uyezve mangwanani akatevera, mukomana paakanga ava kugadzirira kusimuka, vakagamuchira teregiramu, "Amai vako vave nani zvikuru. Mirira imwezve foni."

68 Rinenge gore rakazotevera, mudzimai wacho akazova nemukana wekuona mwanakomana wake. Akadzoka kumba ari pazororo uye panguva yaainge asiri kuchikoro chake. Zvino akati, "Amai, ndakanzwa kuti makapora," mushure mekunge vava nenguva diki yekuyanana, sezvingaitwa nemwanakomana naamai vake. Akati, "Ini—ini handina kumbonzwisisa chaizvo kuti mushonga upi wakachinjwa nachiremba, wakaita kuti chinhano chenyu—chenyu chivandudzike nekukurumidza chaizvo."

69 Zvino amai vakati, "Mwanangu, zvai—zvaisava izvozvo." Vakati, "Unoziva kune kamisheni kadiki zasi kwemugwagwa kuno, vanhu vaye vari zasi ikoko vano . . . "

Akati, "Hongu, ndinokurangarira ikoko."

70 Vakati, "Pane mudzimai akati akanzwa kutungamirirwa kuti auye kumusoro kuno kuzondikumbira kana mufundisi vaizogona kuuya kuti vandinamatire. Uye saka ndakamuudza

kuti zvaive zvakanaka." Saka vakati, "Mufundisi vakauya ndokuzviverenga kubva muBhaibheri, 'Kana paine mumwe pakati penyu, anorwara, danai vakuru, uye muvazodze nemafuta; vovanamatira. Munamato wekutenda uchaponesa vanorwara.'" Ndokuti, "Unoziva, vakazviverenga kubva muMagwaro, ndokubva vandinamatira vakandizodza nemafuta. Uye—uye mangwanani akatevera acho, ndakanga ndave nani zvikuru kusvika chiremba akandibvumidza kugara. Mumazuva mashoma ndakanga ndatova raiti." Saka, akati . . . Vakati, "Oo, Ishe ngavarumbidzwe!" Vakati, "Mwanangu, unofanira ku . . . "

71 Akati, "Amai, matotanga kuita sevanhu ivavo." Akati, "Inzwaika, amai." Akati, "Takadzidza kuchikoro uko kuti paakaverenga ipapo, Gwaro rechipiri raakaverenga raiva muna Marko 16, panoti, 'Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda. Vachaisa maoko pamusoro pevanorwara uye vachapora,'" akati, "takadzidza kumusoro uko kuchikoro kuti Marko 16, kubva pavhesi 9 zvichienda mberi, haina kufemerwa." Akati, "Munoona, vanhu ivavo havaende kuchikoro, vazhinji vavo zasi ikoko. Havana kana kudzidza, vakaita sevanhu vasina kudzidza." Akati, "Va—vanoreva kuita zvakanaka, pasina kupokana." Asi akati, "Isu takadzidza kuchikoro kuti, kubva pavhesi 9 zvichienda mberi, zvakazongowedzerwawo, zvichida neVatican kana chimwe chinhu, asi," akati, "nokuti chikamu ichocho hachina kana kufemerwa."

72 Amai vadiki vakanyatsodanidzira rimwe zi, "Hareruya!" Uye saka vakati . . .

Akati, "Amai! Saka, chii chinokuitai kuti mudaro?"

73 Vakati, "Ndanga ndichingofungawo hangu, mwanangu, kana Mwari vachigona kundipodza neShoko risina kufemerwa, saka Vanoita zvakadii neiRo racho rakafemerwa zvechokwadi?"

74 Saka—saka zvakaita sedzimwe vimbiso idzi. "Kumbira chero chinhu muZita raNgu, Ndichachiita." "Kana ukati kugomo iri, 'Suduruka,' uye usingapokane mumoyo mako, asi wotenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuwana zvawataura." "Paunonamata, tenda kuti wagamuchira zvawakumbira, uye zvichapihwa kwauri." Munoona, Rose haro rakafemerwa, chikamu charo chose.

75 Pakauya Morris Reidhead, mudzidzi akanaka kwazvo, kumba kwangu, akagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene; akawira pakofitebhuru iri mumba. Akati kwandiri, akati, "Hama Branham, ndinonzwisisa kuti maiva mu—mu . . . Muri muBaptisti."

76 Zvino ndakati, "Zvinoka, ndakangogadzwa chete, muchechi yeMissionary Baptisti, ndichiri mukomana; handisi we . . . "

77 Akati, "Saka, ndeapi maPentekosti aya amuri kufamba nawo?"

Ndikati, “Vanongovawo vanhu vakaita sewe neni.”

78 Akati, “Saka, inzwaika,” akati, “munofunga here kuti Mweya Mutsvene wavainawo?”

Ndikati, “Chokwadi.”

Akati, “Ko sei kwese kukava-kava nekudzana-dzana nekudanidzira?”

79 Ndakati, “Zvinoka, vanofanira kuwana pekuburitsa napo chiutsi chacho. Kana vakasachishandisa, kuita kuti mavhiri atenderere.” Ndakati, “Ingovaita—vaita kuti vadzidze zvose zvazviri, pane kungochiburitsa nenzira iyoyo. Vochiisa pabasa, kutenda, kunze mumugwagwa, vachiedza kuunza vanhu mukati, muHumambo hwaMwari.”

80 Zvino akati, “Zvinoka, ndakavaona vachiita zvose izvozvo.” Akati, “Regai ndikuudzei kuti sei ndiri pano.” Akati, “Mumwe mukomana akanaka anobva kuIndia,” akati, “akawana dzidzo yake uye nechikoro.” Akati, “Ini, pandakaenda kunosiya, kumuendesa kundege, kunomuisa mundege, kumuendesa mhiri kwemakungwa, Ndakati kwaari, ndakati, ‘Mwanakomana, zvino wawana dzidzo yako, wave kudzokera kuvanhu vako . . . ’” Ndinofunga akadzidza pa . . . Handi . . . Ndinofunga zvemagetsi emaredhio.

81 Akati zvino, akati, paakatanga kudzokera, akati, “Wadii wango- . . . wosiya muporofita uya wekare akafa, Mohamedhi, ugowana Jesu Kristu akamuka zvechokwadi mumoyo mako?”

Zvino akati, “Changamire, ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu.”

82 Zvino rangarirai, uyu akabva kune chimwe chezvikoro zvikurusa zveBhaibheri, zvikoro zvinotenda zvepamavambo, muchinda uyu aive mumwe wevadzidzisi vavo.

83 Akati, “Ko Jesu wenyu angandiitirei chimwe chinopfuura zvingaitwa nemuporofita wangu?”

84 Akati, “Zvinoka,” akati, “Jesu wangu anogona kukupa Hupenyu Husingaperi.”

85 Akati, “Rangu, iro Korani rinovimbisawo zvimwe chetezvo.” Korani ndiro Bhaibheri rechiMohamedhi, munoziva. Akati, “Rinovimbisawo chinhu chimwe chetecho.”

Akati, “Saka,” akati, “ehe, ini . . . ”

86 Akati, “Munoziva, Korani harina kuvimbisa chimwe chinhu. Mohammed haana chaakavimbisa kunze kwe—kunze kwehupenyu shure kwerufu.” Akati, “Jesu akakuvimbisai imi vadzidzisi, kuti, ‘Zviratidzo izvi nezvishamiso zvaizotevera.’” Akati, “Ndizvo zvakataurwa naJesu.” Zvino akati, “Takamirira kuona izvozvo zvichiitwa, kukuonai imi vadzidzisi muchizviburitsa.” Pafungei!

87 Akati kwandiri, “Ipapo chaipo,” akati, “Ndakacherechedza kuti ndakanga ndisina kusangana nemutsva wetsambo. Uye ndinoziva . . . Ndeuyo aiziva zvaaitaura nezvazvo.” Anogona kunyepedzera kuita sezvisina basa. Asi inzira yakanaka yekuzviita nayo, rega muvengi asvetukire pauri imwe nguva saizvozvo zvino hauzoziva kwekuenda. Maona? Saka akati, “Ndakacherechedza kuti uyu akanga asiri mutsva wetsambo.”

88 Zvino akati—akati, “Saka, zvino tarisai pano. Jesu akamuka kubva kuvakafa.”

89 Akati, “Akamuka here?” Akati, “Makava nemakore 2,000 ekuti muzviratidze, uye zvikamu zviviri kubva muzvitatu zvepanyika hazvina kana kumbonzwa nezvaKe. Zvino dambudziko renyu nderei imi vanhu?” Akati, “Mohamedhi akangomuka kubva kuvakafa, zvino pasi rose rinozviziva mumaawa 24 chaiwo.” Uye ndizvozvo.

90 Munoona, vane bhiza rakamira paguva rake. Ndakariona ipapo. Vanochinja varindi anenge maawa 4 oga-oga, vachimutarisira kuti amuke, nazvino. Mumufananidzo ipapo, achiuya ari pabhiza jena, munoona, kuti akunde nyika.

91 Uye saka akati, “Akango—akangomuka kubva kuvakafa, zvino pasi rose rinotozviziva.”

92 Akati, “Asika, Jesu akamuka kubva kuvakafa.” Akati, “Muporofita wako ari muguva.”

Akati, “Munoziva sei kuti Akamuka kubva kuvakafa?”

Mudzidzisi uyu akati, “Ari mumoyo mangu.”

Iye akati, “Mohamedhi ari mumoyo manguwo, zvakare, changamire.”

Akati, “Asi ndine mufaro nerugare.”

93 Akati, “Changamire, chiMohamedhi chinogona kuburitsawo zvekushandisa pfungwa sezvingakwaniswa neChikristu.” Uye vanodaro. Munofanira kuvanzwa vachidanidzira nekuzhambatata. Ndizvozvo chaizvo. “Votongobuditsa zvekushandisa pfungwa zvizhinji sezvinogona kungoitwawo neChikristu.” Akati, “Saka, munorevei pamataura kuti Jesu akavimbisa zvinhu zvose izvi kwamuri?” Akati, “Ndinofunga kuti uri kureva Marko 16?”

Akati, “Hongu, ndiro rimwe rawo. Hazvisizvo zvose hazvo, asi ndiro rimwe rawo.”

94 “Jesu akati, Mashoko ekupedzisira aAkataura kuChechi yaKe, ‘Endai munyika yose, munoona, uye munoparidza Evhangeri, uye zviratidzo izvi zvichatevera mutendi.’ Kusvika kupi? ‘Nyika yose; chisikwa chose. Kana vakaisa maoko avo pane vanorwara, vachapora.’ Mashoko ekupedzisira aAkataura, maringe neGwaro renyu.”

95 Akati, “Saka, unoona,” akati, “zvinongova . . .” Akati, “Unoona, chikamu ichocho hachina kufemerwa.” Akati, “Aisareva kudaro chaizvoizvo. Izvozvo hazvina . . .”

96 Akati, “Hachina kufemerwa?” Akati, “Imhandoi yeBhuku ramuri kuverenga?” Akati, “Korani rese rakafemerwa.” Hum! Kukundwa kwehutera hwedzidzo yebhaibheri, dzidzo yebhaibheri yakagadzirwa nevanhu isina mwe—Mweya wekumira wotarisana nenyaya yacho.

97 Sezvakataurwa nevana vechiHebheru, “Mwari vedu vanogona kutidzikinura kubva muvira remoto iri, asi zvisinei hazvo hatisi kuzopfugamira chimupunzo ichi.” Tinoda vanhu vane hushingi. Vanhu vakatenda Mwari vakagara vaine hushingi uye vachitenda mune zvemweya. Vanhu vanotenda Mwari!

98 VaReidhead vakati, “Ndakakava pasi, Hama Branham, ndakakava guruva sa*izvozvo*, uye ndikatadza kupindura murume uyu.” Vakati, “Ndakatsunga mumoyo mangu kuti ndiuye kuzokuonai mushure maizvozvo, ndobvunza kuti izvi zvaimbovei.” Ndokuti, “Hezvo ndiri pano.” Vakati, “Kana Mweya Mutsvene . . .”

99 Vakati, “Hama Branham, amai vangu vakandiendesa kuchikoro.” Uye vakati, “Ini, pandakawana BA yangu, ndakafunga kuti pane chaizvo . . .”

Ndikati, “Ndinoziva zvamunoreva.”

100 Vakati, “Zvino rimwe zuva ndakawana BA yangu, ndakafunga ipapo chaipo kuti ndaizowana Kristu. Akanga asipo pandakawana Dhigirii rangu rehuChiremba.” Vakati, “Ndine madhigirii anokwana, madhigirii ekuremekedzwa, kunamira pamadziro enyu ese, zvino Kristu aripi maari ese?”

101 Ndakati, “Ndimbori ani zvangu kuti nditi vadzidzisi vakakanganisa? Asi handizvo zvatiri kutaura nezvazvo. Ndiye Munhu wacho, Kristu, waunofanira kuziva.”

102 Zvino murume uyu ari kuita mbuserere huru kwese-kwese. Zvino Chiremba Lee Vayle apo, shamwari yangu yakanaka, ishamwari yakewo, zvakare. Uye ari kubudirira zvikuru, achinamatira vanorwara nekuita mbuserere huru kwazvo nezvimwe zvese. Imhaka yekuti murume iyeye akatenda.

103 Zvino, munoona, Mweya waiva muna Kristu, mutumbi, Jesu aiva Mwari, Emanueri, Mweya Mutsvene, Mwari, vakadzika muna Kristu, uye Akaitwa “Mwari vanesu.” Uye zvakare Aiva . . . Aifanira kutidzikinura; Ropa raKe rikadeurwa.

104 Zvino, muTestamende Yekare, munamati paaiuya kuzoisa maoko ake pachibairo chake, zvino ocheka pahuro pe . . . muprisita ndiye aidaro, kana kuti aipirisa. Munamati aibata chibayiro chacho nemaoko ake, uye achinzwa ku—kubvaruka kwenyama, uye negwayana diki richifa; tumakushe twaro twuchishambwa neropa raro, pese pamaoko emutendi,

nezvimwe zvakadaro, rakabatwa mundiro, kuti rizopiswa ipapo paartari. Mutendi aicherechedza kuti ndiye anga achifanirwa kufira chivi ichocho, asi gwayana rakanga riri kufa panzvimbo yake. Zvino, asi hupenyu hwaiva muropa iroro, hawaikwanisa kudzoka pamunamati, nokuti raiva ropa remhuka, iyo isina munhu wemukati. Asi mune . . . Naizvozvo paiva nekurangarirwa kwechivi, nguva dzose.

105 Asi, zvino, Jesu ari Emanueri, zvino Hupenyu hwaMwari hwaiva maAri, zvino ihwohwo hunodzoka; kwete Hupenyu hwemunhu chete, asi Mwari pachaVo, muchimiro cheMweya Mutsvene, vanodzoka vokuitai vanakomana nevanasikana vaMwari. Zvino mave vanakomana nevanasikana. Uyezve kana uchinzwa kubvaruka kwacho, nekusiririsa nekurangwa uko Jesu akapfuura nemakuri, kunyombwa, shumiro yaKe yainzi basa redhimoni, "Bherizebhabhu," nekuitwa dambe naye, nekusekwa, nevatungamiri vezvitendero, nekurambwa. "Akauya kune vekwaKe iYe; VekwaKe havana kuMugamuchira." Uye nezvinhu zvaAkapfuura nemazviri! Uyezve nekunge akapira hupenyu hwaKe pamuchinjikwa, kuti adzikinure icho Mwari vakanga vafanoziva. Kudzikinura; kuchidzosa panzvimbo pachaka—chakadonha kubva pachaive. Zvino, Mwari vakazviita kuitira kuti vatumire Mweya Mutsvene paChechi zvino, kuti iWo . . . vanhu, vatendi. Ndezvevatendi chete.

106 Hazvisi zvevasingatendi. Havafe vakazviona. Vakafa, kubva pakutanga kwacho.

107 Tarisai vaFarisei vaya pavakaona Jesu achiita chiratidzo chaicho chaifanira kunge chiri chiratidzo chaMesiya.

108 Tarisai Petro, akachitenda ipapo chaipo. Uye Natanaeri akachitenda ipapo chaipo. Mudzimai wepatsime akachitenda; Bhartimeo bofu. Vose vakachigamuchira, vanochitenda.

109 Asi vatungamiri vaya vakamirapo ndokuti, "NdiBherizebhabhu, mweya wakaipa, imwe mhando yemano kana rimwe saramusi."

110 Jesu akati, "Mukataura izvozvo muchipesana neNi, Ndinokuregererai," chibayiro chakanga chisati chaitwa, "asi kana Mweya Mutsvene wauya kuzoita zvimwe chetezvo, shoko rimwe rinopesana naWo harizomboregererwa munyika ino kana munyika inouya."

111 Sei vakatadza kuzvitenda? Jesu akati "Muri vababa venyu dhiyabhore, uye mabasa ake muchaaita." Ndizvozvo chaizvo.

112 Kutenda Shoko, kugamuchira Shoko uye woRirega richiva Hupenyu. Zvino, Mwari vachiratidza ipapo kuti Vaisimbisa sei sungano iyi. Zvinofanira kuva nenzira iyoyo. Chechi! Kwete hurongwa sangano, kwete sangano; asi munhu sedungamunhu naMwari vanofanira kuva Mweya mumwe chete. Ndicho chinangwa chaMwari, pakutanga.

113 Adhamu naEvha vaive mweya mumwe chete. Bhaibheri rakati muna Genesi, muna 1:27, "Mumufananidzo waMwari . . . " Mwari Mweya. "Mumufananidzo waMwari Vakamusika; Vakavasika murume nomudzimai," muchimiro chemweya chaiva muna Mwari. Uye Adhamu aifanira kuchengetedza nyi—nyika, sezvinongori Mweya Mutsvene unofanira kutungamira Chechi zvino. Asi, zvakadaro, munhu akanga asiri mumutumbi wenyama, uye akanga ari zvose murume uyewo akanga ari munhukadzi, nekuti mweya mumwe chete.

114 Zvino Mwari vakabva vasika munhu kubva muguruva renyika, ndokumuita ari muchimiro chemhuka. Zvinova, zvatiri mhuka zvino, tinoziva. Tiri—tiri mhuka. Uye ndiyo mhuka ine ropa rinodziya, uye tiri mumufananidzo iwoyo wehupenyu hwemhuka.

115 Uye zvadaro Mwari vakatora mbabvu kubva kuna Adhamu, kwete . . . Mudzimai chinhu chakatorwa kubva pamurume, haasi chaizvo mukusikwa kwepakutanga. Vakatora mbabvu. Vakapatsanura chepanyama, ndokutora mweya wechidzimai kubva muna Adhamu vakauisa muna Evha. Hapoka paiva nemurume nemudzimai.

116 Uye pavanobuda munzvimbo idzodzo, vanenge vabuda muchinhano chavo chakafanira. Pane chakatsveyama pane imwe nzvimbo. Kana mudzimai achida kuita semurume, kana—kana—kana murume achida kuita semunhukadzi, pane chimwe chinhu chakatsveyama pane imwe nzvimbo. Havasi muzvinhano zvavo zvakakodzera.

117 Tinozvicherechedza muna Rabheka na—naIsaka, vari vehukama hweropa, munoona, asi zvino izvozvo zvaifananidzira mbeu yepanyama yeIsraeri. Asi, nekutenda, Kristu akauya panzvimbo, zvisiri zvepanyama.

118 Sechiratidzo chakanga chiri, ropa pasuwo regwatidziro, kuEgipita. Zvisinei kuti vakadzingiswa zvakadini, kuti vaiva nesungano yakawanda zvakadini, chiratidzo chaitofanira kuratidzwa kana kuti sungano yacho yainge isina maturo. Zvirokwazvo. "PaNdinoona ropa, Ndichakupfuurai."

119 Iye zvino chiratidzo hachisi Ropa; Hupenyu hwaive muRopa, Mweya Mutsvene. Uye ndizvo . . . Handina basa kuti unonamata zvakadii; kunze kwekunge wagamuchira Mweya Mutsvene, uchaparara. Ndiyo nzira chete. Hapana rumwe Rugwaro rwekuita chero chinhu, iroro roga. "Musachemedza Mweya Mutsvene waMwari wamakasimbiswa nawo kusvikira pazuva rerudzikinuro rwenyu," VaEfeso 4:30.

120 Cherechedzai zvino, tinodzoka, zvino zvinoratidza kuti Adhamu naEvha vaive mumwe, pakutanga chaipo. Murume nemudzimai vanofanira kuramba vari mumwe.

121 Zvino, asi pavakapatsanuka, zvino, munyama, ndimo makawa Evha imomo. Akawa! Sei? Nekusatenda Shoko,

chidimbu chose chaRo. Vamwe vanhu vanogona kutora chimwe chikamu cheShoko, vorega kutora rimwe racho rose. Rose rinofanira kuvapo. Maona? Maona? Akangopokana chidimbu chimwe chete chaRo. Uye kana hurwere hwose uhwu nematambudziko atakava nawo zvino akauya nemudzimai mumwe chete achipokana chidimbu chimwe chete chaRo, ko isu tichazodzokera sei nechimwewo chinhu chisiri kuRitenda rose, nekuRigamuchira rose? Ndiro raive ravo. . . Vaive vakachengetedzwa neShoko iroro. Pavakaparadzana, munyama, vakawa. Mudzimai akawa, neShoko. Iye. . . Tarisai, chii chaaitsvaga?

122 Vanongova vanhu vazhinji nhasi uno, vanoda nzira iri nani, yakanakisa, uye iri nyore. Havadi kutarisana nechinhu chakaiswa pamberi pavo. Kana vakadaro, vanodzingwa musangano ravo, vanodzingwa, voonekwa sevasina basa.

123 Hamuzive here, kuti, "Vanhu vose vachataura zvakaipa pamusoro penyu, zvenhema, nokuda kwaNgu. Farai uye mufarisise, nokuti mubairo wenyu mukuru uri Kudenga, nokuti saizvozvowo vakatambudza vaporofita vaive mberi kwenyu. Uye vose vanorarama zvine humwari muna Kristu Jesu vachatambudzwa."

124 Zvino chii chimwezve chatingada kuti Ataure? Zviuru zvemashoko atinogona, Magwaro, ane chekuita nazvo, tinoatora kubva kuna Genesi kusvika kuna Zvakazarurwa.

125 Kuti chose chatinacho nhasi, chakatangira muna Genesi. Ndicho chitsauko chembeu. Kusatenda kwese nezvose zvakatangira pano chaipo. Chechi yakatangira ipapo chaipo. Zvinhu zvose zvakatangira ipapo. Zvakaita semizambiringa 2 iri kukura, uye mumwe uchitevedzera mumwe, uye ichikura zvakada kufanana.

126 SaMoabhi uyewo naMosesi. Hapo ndokuuya Israeri, diki, isina sangano, isina nyika zvachose. Uye vaiva nechibairo chimwe chete muno muMoabhi; sangano rakanaka, varemekedzwa vavo vose vakabuda, vakapirisa chipiriso chimwe chetecho. Vachiedza ku. . . Mubhishopi wavo kumusoro uko, Bharamu, akauya zasi kuzotuka izvo zvakanga zvaropafadzwa naMwari. Vakafunga kuti, "Vanhu ava vapanduki! Havana kana chechi yavanopinda, sezvazvaive. Vanongori vanhu vanongodzengerera."

127 Zvino Akati, "Asi vakatadza kunzwa kudanidzira kuya kwaMambo mumusasa. Akatadza kuona kupodza kwaMwari kuchipinda imomo, nenyoka iya. Uye neDombo rakarohwa, kuvapa hupenyu! Kudanidzira kwaMambo mumusasa!"

128 Akatadza kuZviona, mubhishopi uya akapofomadzwa. Asi zvakadaro, pane zvepakutanga, ainge akangorurama sezvaiva Mosesi; maartari 7, zvibayiro 7, akatopirisa gondohwe, zvichitaura nezvekuuya kwaKristu.

129 Asi Mwari havadi munhu anoVadudzira. VanoZvidudzirira Voga. Vanoita vimbiso, Vobva vaizadzikisa, uye ndiko kududzirwa kwayo. Hapana anofanira kuidudzira. Mwari havakumbire munhu. "Bhaibheri harina dudziro yepakavanda." Munhu wese achiedza kutaura kuti Rinoreva *izvi, izvo*. Regai Mwari vazvitaurire Voga. Ndivo Vacho vanozviita. Vakaita vimbiso; Vanomira shure kwayo. Vanozviita, kuvatendi.

130 Asi vasingatende havana chavanogamuchira. Hazvisi zvavo. Vakafa, kubva pakutanga. Havana kumbobvira vakamiririrwa. Hapana kana chinhu mavari. Mitumbi yakafa. Haudi kuva wakadaro.

"Ivai makazadzwa neMweya!"

131 Cherechedzai, Vakapatsanura Evha naAdhamu, uye mudzimai ndokuwa. Adhamu akaendawo pamwe naye. Zvino, "Adhamu haana kunyengerwa." Evha ndiye akanyengerwa. Asi Adhamu, Adhamu wekutanga, aiva mwanakomana waMwari zvakare. Uye akabuda nokuda kwerudo kuna Evha, kuedza kumudzosa, nokuti aimuda.

132 Kristu akaitawo zvimwe chetezvo, kuMudzikinura kuti adzoke. Kuenda kunei? Shoko. Chii chakakonzera kuwa? Shoko, kusatenda Shoko, Shoko rose. Uye Kristu akauya kuti Agova mumwe wedu, Hupenyu hwaKe huri matiri, kuti aenderere mberi neShoko. "Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Uye Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu. Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi." Mwari mumwe chete! Ndosaka Akauya, kuzoita izvozvo.

133 Zvino tinoona, mukusimbiswa, kutidzikinura kuti tidzokere kwaari iYe, kudzikinura vana vakatsauka vakarasikira mumamochari aya; uye kudzokera kuShoko zvakare, kudzokera kuShoko rakaziviswa!

134 Zvino maJudha iwayo, Jesu paakauya, vaigona kuti, "Tinaro Shoko. Tinaro Shoko. *Hezvinoi* zvakataurwa naMosesi. Tiri vadzidzi vaMosesi." Jesu, achingova nemakore 12 ekuberekwa, achipikisana navo. Uye zvakare apo. . . Munoona, ndizvo zvinoitwa nemunhu kwaRiri.

135 Asi Jesu akati, "Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, zvino musaNditenda. Nokuti, mabasa aNdakapihwa naBaba kuti ndiite, ndiwo acho anopupura kuti ndiNi Ani."

136 Ani? Munhu chero upi zvake akatumwa naMwari, Mwari vanopupurira mabasa aVakamugadza kuti aite. Kana zvikasadaro, Gwaro risingazvitsigire, zvisiye zvakadaro.

137 Kunyange muTestamende Yekare, vaiva nenzira yekuziva kuti chaive chokwadi here kana kuti kwete. Vaivaendesa zasi, muroti, kana—kana uyo anoporofita, kana kuti angave

ani, vaivaendesa kuUrimi neTumimi. Icho chaiva Chiedza chemweya.

138 Mwari vanogara vari vemweya, vanoshanda mune zvemweya. Chero bedzi paina Mwari ipapo, panotova nechemweya, kana vari Jehovha Mwari.

139 Uye, ipapo, zvisinei kuti chiroto chacho chinonzwika sechakanaka zvakadii, kana chikasapenya paUrimi neTumimi iyoyo, zvino chaive chakatsveyama.

140 Zvino huprisita hwekare hwaAroni hwakabviswa, asi zvakadaro tichinayo Urimi neTumimi. Ichi ndicho chizaruro chaJesu Kristu, chinoMuzarura muShoko iri. Uye chinhu chose chinopesana neShoko iroro haasi Mwari; chinopesana naRo. Asi Mwari vanozvitaurira pachaVo. VanoZvizivisa neShoko raVo.

Ipapo Jesu ndipo paakakundira Satani. "Kwakanyorwa kuchinzi . . . "

141 Zvino hoyo Satani ndokudzoka, achipinda zvakare. Akati, "Hongu, zvakanyorwawo zvakare . . . " Asi panguva iyoyo, paakasvika, akarovera pasimba remagetsi ra—rakasimba. Panguva iyoyo rakabvuraudza mapapiro ake. Akasvetuka kubva ipapo, zvadaro.

142 Akati, "Kwakanyorwa kuchinzi, 'Munhu haangararame nechingwa choga, asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo maMwari.' Ibva shure kwaNgu, Satani!" Maona?

143 Cherechedzai zvakaitika. Mwari vakagara vachiZvizivisa neShoko raVo rakavimbiswa. Zvino dai vaFarisei ivavo vakatarisa kumashure chaiko, Mosesi akati, "Jehovha Mwari wenyu achasimudza Muporofita akafanana neni." Ndizvo zvaiva muRugwaro.

144 Asi ndosaka Jesu akatenda Baba, akati, "NdinoKutendai, Baba, Makavanza zvinhu iZvi kubva kumeso evakachenjera nevakangwara, mukaZvizarura kuvacheche avo vachadzidza."

145 PaAkati kuna Petro pazuva iroro, pavakadzika zasi. PaAkati, "Ko vanhu vanoti iNi Mwanakomana wemunhu ndini ani?"

146 "Mumwe wavo akati ndiMi 'Eria,' uye mumwe akati ndiMi 'Mosesi,' nevamwe vakadaro."

Akati, "Asi handiwo mubvunzo wacho. Ndakubvunzai."

Akati, "Ndimi Kristu, Mwanakomana waMwari mupenyu."

147 Akati, "Wakaropafadzwa iwe Simoni, mwanakomana waJonasi, nyama neropa hazvina kuzarura izvi kwauri. Hauna kumbozvidzidza museminari, hapana akakudzidzisa, asi chizaruro." Oo, ini zvangu! "Padombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkurire," chizaruro, kana kuziviswa kwaJesu Kristu.

Akati, “Kana Ndikasaita mabasa aBaba vaNgu, musaNditenda.”

148 Zvino ngatifambirei mberi. TinoMuona . . . Zvino ngatiendei kuchitsauko 17. TinoMuwana pano muchitsauko 17, paAkazviratidza kuna Abrahama mushure mekusimbiswa kweizvi, achiratidza zvaAizoita.

149 Uye zvino, rangarirai, Mweya unouya pamusoro . . . Uye Mweya uri muChechi, Chechi chaiyo, Chechi yechokwadi, Chechi yaMwari, vanhu vaMwari; Mweya uri mavari, uripo, Mweya mumwe chete uri pana Kristu, nevimbiso, “Mabasa aNdinoita nemiwo muchaaitawo.”

150 Rangarirai, imwe nguva mukurovererwa, zvisati zvaitika, vakaisa chidhende chakamoneredza kumeso kwaKe, ndokuMurova mumusoro, nerutsanga, vakati, “Zvino kana Uri Mwanakomana waMwari, izvo . . . Uri—Uri muporofita, vanondiudza. Porofitaka, nhai muporofita!” Vakatambidzana chimuti chacho, “Tiudze kuti ndiani aKurova.” Munoona dhiyabhore uya? Maona?

151 Akati, “Ndinonzwisisa kuti Uri muiti mukuru wezvishamiso. Shandura mabwe aya ave chingwa. Rega ndiKuone uchizviita. Ndicha—ndicha—ndichaKutenda kana Ukazviita saizvozvo, shandura matombo aya ave chingwa. Ndichatenda. Ndichazviita.”

152 Mumwe murume akandiudza nguva shoma yapfuura, akati, “Kana ukakwanisa kuunza munhu mumwe chete akapodzwa, ane gwaro rachiremba!”

153 Ndakati, “Oo, nhai vedu, iwe, nyarara. Maihwee zvangu!” Ndikati, “Ndichatounza mazana chaiwo avanachiremba.”

Akati, “Ndine madhora 1,000 akakumirira, kana ukadaro.”

154 Zvino ndakauya navanachiremba, nevanhu vacho. Akati, “Zvinoka, mari iri mu . . . ”

155 Ndikati, “Ndiri kuda mari iyoyo kuitira mupiro webasa rechimishinari.” Zvino akati . . . “Kutumira mumwe munhu anotenda Evhangeri, mhiri kwemakungwa.”

156 Akati, “Zvinoka, rega nditore kasikana kadiki, uye ini nehama dzangu tomirapo, uye tomucheka ruoko rwake, wobva warwupodza pano chaipo pamberi pedu, uye tichakutenda.”

157 Ndakati, “Unoda kurapwa pfungwa iwe.” Ndizvozvo chaizvo. Murume akanyatsogarwa chaizvo nadhiyabhore!

158 Mumwe chete akati, “Kana Uri Mwanakomana waMwari, kana Uri, buruka kubva pamuchinjikwa.” Oo, iro Bhaibheri racho chairo rakati Aitofanira kurembera pamuchinjikwa!

159 Kayafasi akati, “Akaponesa vamwe; Iye pachaKe haakwanise kuzviponesa.” Asingazvizive izvozvo, asi kuti irumbidzo huru kupfuura dzose dzaAkambopihwa. Dai

AkaZviponesa, haAikwanisa kuzoponesa vamwe. Aitofanirwa kuzvipira pachaKe.

160 Hongu, Aitoziva kuti ndiani akaMurova, asi haaitire dhiyabhore dambe. Mwari havasi vedambe. Havaitire dhiyabhore dambe. Mabasa aVo anotumirwa kune avo vanotenda, kwete kuti aitwe zvedambe nawo.

161 Cherechedzai, Vakazviratidza kwaari pano paakanga ava nemakore 99 ekuberekwa, uye Vakazviratidza kwaari muzita raMwari Samasimba. Zita racho ipapo, muchiHebheru, ndi*El Shaddai*.

162 Zvino, Mwari vane mazita anoreva zvakapetwa kanomwe, erudzikinuro. Tinozviziva izvozvo. Uye haugone kuapatsanura kubva kuna Kristu. Haukwanise kuapatsanura. Kristu akazadzisa rimwe nerimwe remazita aya anoreva zvakapetwa, erudzikinuro. Munozvitenda here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Iye, munotenda here kuti ndiYe Jehovha-Jire, "chibairo chakapihwa naShe"? ["Ameni."] Ko *Jehovha-Rafa,* "Ishe vanopodza zvirwere zvenyu zvose"? ["Ameni."] Uye kana iwayo asina kushandiswa pana Kristu, saka Akanga asiri Jehovha-Jire. Saka haugone kuapatsanura, nyaya yacho yose yakangorukanidzwa, uye hezvoka izvo. Haakwanise kuva Jehovha-Rafa asina kuva Jehovha-Jire, uyewo haAngave Jehovha-Jire asina kuva Jehovha-Rafa. "Akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, namavanga aKe takapodzwa." Hapana gakava pamusoro paZvo.

163 Zvino tinoona pano, Anoonekwa muzita raEl *Shaddai,* "Samasimba." Iro . . . Chaizvo, izwi, izwi rechiHebheru rekuti *shad*, s-h-a-d, vamwe vanoridudza kuti "shade." *Shad* zvinoreva "zamu," sezamu remudzimai. Zvino Vakazviratidza kwaari muzita raEl Shaddai, zvinoreva ari muhuwandu, *vane mazamu.* "Ndini Mwari vane Mazamu. Abrahama, ane makore 99 ekuberekwa, famba pamberi paNgu! Iva wakakwana, tenda Shoko raNgu! Ingoramba uchitenda! Ndakavimbisa, pamakore 75; hezvinoi izvi, ave—ave makore 24 zvino kubva paNdakakupa vimbiso yacho." Uye kwaifanira kunge kuri kunyaradzwa kwaka—kwakadini kune mutana, ane makore 99 ekuberekwa. Zvino simba rake rose raenda, zvino pano Mwari vakamira pamberi pake, vakati, "Ndini El Shaddai. Ndini Mwari vane Mazamu." Ameni. "Kwekweta simba rako kubva maNdiri. Ndini simba rako."

164 Sezvakaita, seTestamende Itsva neTestamende Yekare, Mwari vane Mazamu. "Ndini Mwari vane Mazamu, kwekweta simba rako kubva maNdiri."

165 Sekamwana kacheche pakanenge kachirwara, kachinetseka; kachirwara, kasina simba, kanotsamira pazamu raamai vako koyamwa simba rako kubva kuna amai. Nemamwe mashoko, "Abrahama, hausi chinhu kunze kwemwana mucheche

kwaNdiri." Makore 99 ekuberekwa, yaitonge isiri kana nguva, hupenyu hwake.

166 Ingorangarirai, Jesu akarovererwa pamuchinjikwa, sanezuro chaiye. Makore 1,000 panyika—panyika, rinongova zuva 1 kuna Mwari. Munoona, sekungoti Akarovererwa nezuro chaiye.

167 Uye cherechedzai, "Ndini El Shaddai. Iwe uri mwana mudiki, asina simba. Asi zembera pachipfuva chaNgu, vimbiso yaNgu, uye ugoyamwa simba rako kubva paNdiri. Ndini musiki akarembedza matenga nenyika, akaisa nyeredzi kunze uko. Pane chinhu chakanyanyisa kukura kuna Mwari here? Ndini El Shaddai, uye iwe uri mwana waNgu. Kunyangwe usina simba, uye ndiri kukurega uchiva saizvozvo kuti ndingoona zvauchaita pamusoro pazvo. Ndiri kuzoita muenzaniso kuvanhu kubva zvino zvichienda mberi, kuti munhu achatenda Shoko raNgu. Ndichamira naRo. Zvisinei nezvazvinotora, inguva yakareba sei, Ndichazviita. Ndichamira naRo. El Shaddai! Kwekweta simba rako kubva maNdiri."

Oo, unoti, "Dai ndaingogona kutenda . . . "

168 Vachiri El Shaddai. Vachiri Mwari vane Mazamu, Testamente Itsva neyeKare. Ingokwekweta simba rako kubva maRiri, oo, zvose zvaunoda. Mwana mucheche, haana chaanogona kuita, anofanira kukwekweta simba rake kubva kuna amai vake; ndiyo nzira yoga yaanogona kuwana nayo simba rake. Ndiyo nzira chete yekuti mutendi agone kuwana simba rake, kurikweva kubva muShoko raMwari. Ndiro simba rake, vimbiso dzaMwari kwaari. Mira naro ugoRitenda!

169 Uye mwana mucheche mudiki pano haasi kungomiririrwa chete kana achirwara, achinetseka, amai vanogona kumuisa pazamu ravo—ravo, uye otanga kuyamwa simba rake richidzoka; anowana kugutswa paanenge achiyamwa ipapo.

170 Ndizvo zvazvakaita nemwana chaiye waMwari. Zvisinei kuti mutsoropodzi anoti kudii, chero zvaanotenda. Kana ukaRitenda zvechokwadi, Jesu haanyepi. Wakagutsikana kuti Rakazarurwa kwauri. Une vimbiso, uye hapana chiri kuzoimisa. "Padombo iri Ndichavaka Chechi yaNgu," munoona, Shoko reChokwadi remweya, rakazarurwa.

171 Paunenge wakamirira, wakazorora mukutenda kwako, tora vimbiso yaMwari. "NdinoKutendai, Ishe. Makavimbisa kundipa rubhabhatidzo rweMweya. Ndakazorora mune yeNyu . . . mukutenda. Kutenda kwangu kwandinako maMuri, ndiri kutora kubva pachitubu changu, kuti ndiwane rubatsiro rwangu, kubva—kubva . . . kuti ndiwane hutano hwangu, kubva kusimba reNyu, Shoko.

172 "Munhu haangararame nechingwa choga, asi kubva muchipfuva chaMwari achayamwa simba rake." Shoko rose rinobuda mumuromo waMwari, achagamuchira simba rake paRinouya kubva mu—mumuromo waMwari, Shoko.

173 SaAbrahama, Abrahama akanga akazorora. Zvino akanga ararama naSara kubva achiri musikana mu—mudiki. Aiva hanzvadzi yake yekwaamainini, zvino aigara naye uye akamuroora. Zvino, iye, akanga ane . . . Akanga asingabereki. Akanga asina vana. Zvino hoyoka uyo zvino, mudzimai atova . . . kana murume uyu aine 90-. . . 99. Mudzimai ane 89, makore 89 ekuberekwa. "Asi, Abrahama, zorora hako mukutenda kweShoko raNgu. Ndinokuvimbisa, Ndinotozviita. Ndini El Shaddai. Ndini Mwari vane Mazamu kuvana vaNgu vanotenda." Kana usingade hako kuyamwa, zvinoka, bva pasawana zvaunotaura pamusoro pazvo, munoona. Asi kana uri mwana, uri kuyamwa, wakazorora, vimbiso yose!

174 Cherechedzai, kutenda kwemazvirokwazvo kunozorora padombo rakasimba revimbiso yeShoko raMwari. Hakutsukunyuke. Kutenda kwechokwadi kwakadzikwa hoko.

175 Senyeredzi yekumaodzanyemba, nyeredzi yekumaodzanyemba ndiyo mbambo kune wese mutyairi mukuru wengarava, kambasi inomunongedzera bedzi kunyeredzi yekumaodzanyemba iyoyo. Uye Mwari, Shoko, ndiro nyeredzi yekumaodzanyemba yeMukristu wose, kana uchinge warasika, uye Mweya Mutsvene ndiwo unokunongedzera kwaRiri. Hauzombononge dza kune chimwe chinhu. Zvimwe zvitevedzwa zvese, nezvimwe zvakadaro, ne—neChikristu chakasanganiswa mazviri, chero zvazvingava; zvakafanana nenyika, iri kufamba, inoshandura nyeredzi idzodzo, asi haikwanise kushandura nyeredzi yekumaodzanyemba. Kunyange chimwewo chinhu hachikwanise kushandura Shoko raMwari. Batirira paRiri, gara naRo!

176 Zvino, kutenda kwemazvirokwazvo hakufambiswi nezvitendwa nedzidziso dzakagadzirwa nevanhu, nekusatenda. Kunonyatsogara chaizvo neShoko, kutenda chaiko muShoko.

177 Zvino ndekupi kwaungaisa kutenda kwako pane chimwe chinhu kunze kweShoko? Kana Mwari vakazvitaura, isa ruvimbo rwako paRiri, Ichokwadi. Haritsukunyuke. Rinokwekweta kubva muBhuku raMwari rine mazamu, Bhaibheri, zvizenga zvaVo—zvaVo, izvo zvaVakavimbisa. ZvaVakavimbisa, ndiro Shoko raVo. Shoko rinozvibereka pachaRo. Inofanira kunge iri pfungwa isati yava Shoko, tevere Shoko; zvino Shoko rinobva raratidzwa, uye ndipo paunowana simba rako—rako kubva ipapo. Uchitenda! Uchitenda! Nokuti Musiki . . . Uchitenda, sekunge Aiva, Musiki akasika nyika.

178 Testamende Itsva yakati, kumashure kuno, "SaMosesi akasimudza nyoka murenje, saizvozvowo Mwanakomana wemunhu anofanira kusimudzwa." Chinangwa chimwe chetecho. Chaiva chii? Vakanga vachipokana Mwari, uye hurwere nematambudziko zvakapinda. Zvino akasimudza nyoka. Nokuda kwei? Kuitira kupodzwa kwavo nekuregererwa

kwavo. Ndizvo zvaivapo. Uye ndarira inomiririra kutonga kwaMwari; uye Jesu ndiye aiva nyoka iyoyo yakatongwa, honguka, chiratidzo chendarira.

179 Zvino, mushure mekunge Vasimbisa sungano, kana kuti sungano yaratidzwa kwaari, zvinopa kutenda kuvanakomana vaMwari vechokwadi. Shoko rinopa kutenda, Uyo vane Mazamu. Zvi—zvinoita chimwe chinhu kwavari kana sho—Shoko, kana kuti kana sungano yaratidzwa, zvinopa kutenda kuvanakomana vaMwari vechokwadi.

180 Zvino tinoziva, tinocherechedza kuti, mune izvi, Ainzi Elohim. Izwi iri zvakare, mududziro pano, rinoreva kuti "Elohim." Ndichangobva kuritarisa, kuti ndive nechokwadi. Elohim! Uye *Elohim* ndiye "Uyo Akazvikwanira muna Zvose." Ndiye El Shaddai, Elohim, Mwari vane Mazamu, Uyo Akazvikwanira muna Zvose. Havadi chimwe chinhu kubva kune mumwe munhu. NdiVo zvikwanisiro zvako zvose.

181 Cherechedzai, zvimwe chetezvo zvinopupurwa pano, ndanga ndichicherechedza masikati ano pandanga ndichinzvera, muna Jobho, Jobho. Anonzi "Elohim." Uye Jobho akasekwa, akaitwa dambe naye; kuti iko, mufananidzo wakadini nhasi. Asi Jobho ainge akazorora muvimbiso yaElohim, "Kunyangwe honye dzemunyama dzikaparadza mutumbi uno, asi munyama yangu ndichaona Mwari, uyo wandichazvionera pachangu." Kuzorora muna Elohim, zvisinei kuti chii chinouya.

182 Mudzimai wake akauya, akati, "Uri kutaridzika zvinosiririsa, Jobho." Zvino hapoka ndokuuya vaizomunyaradza vacho, "Oo, chionaka zvazoitika kwauri, mudhara? Ndakakuudza kuti wanga uchikanganisa, nguva yose iyi. Uri kuona zvazoitika?" Vanhu vazhinji vanoda kungotaura zvavanoda pavanhu saizvozvo.

183 Jobho ndiye aive munhu akanakisisa wenguva yake. Munhu akanakisisa uyo Mwari vaive naye panyika aive Jobho. Vakaudza Satani, "Hakuna mumwe akafanana naye." Ameni. "Wambomucherechedza here?"

184 Satani akati, "Hongu, zvinhu zvese zvinomufambira zviri nyore. Putsai ruzhowa irworwo mundirege ndimutore. Ndinomuita kuti aKutukei kumeso kweNyu." Akaita zvose zvaaigona, asi akatadza.

Jobho akazorora muvimbiso iyoyo.

185 Machinda aya vakauya, ndokuti, "Zvino, zvino ari kupi Mwari wese uya wawaitaura nezvake? Uh-huh, tarisai izvo, u—unoMutenda kunge ari izvi, tarisa—tarisa zviri kuitika zvino."

186 Asi akaramba akazorora muna El Shaddai, kunyangwe mamota ake aibuda paari uye hupenyu hwake hwainge hwangoita sehwatoparara. Akanga agere pamurwi wemadota, achigwabvura mamota ake.

Mudzimai wake akati, “Iwe . . . Wadii wangotuka Mwari wofa hako?”

Akati, “Unotaura semukadzi benzi.” Oo, ini zvangu!

187 “Ishe vakapa, uye Ishe vakatora, Zita raShe ngariropafadzwe. Ndinovimba muna Elohim. Kunyange Akaparadza mutumbi uno, honye dzemunyama dzikaudya, zvakadaro munyama yangu ndichaona Mwari, wandichazvionera pachangu; meso angu achaona kwete mumwe.” Akauya, muna Mateo 27, vatsvene pavakamuka, vakabuda vakapinda, asi chaizvo . . . vakapinda muguta. Mufananidzo chaiwo wanhasi, asi vakamirira, vachivimba muvimbiso.

188 Cherechedzai mushure mekunge Aonekwa muZita iri, Zita raMwari Samasimba.

189 Zvino, chechi, tinogona kuwana dzidziso diki pano, inogona kuti vhiringei zvishoma kwauri. Kana usingazvitende, zviri kwauri. Tinongova pano, ndichangotaura zvandinofunga. Une kodzero yekufungawo zvaunoda kufunga.

190 Asi, cherechedzai, asi zvinhu zvose izvi zvaive “mifananidzo, mimvuri, nemienzaniso,” sezvakataurwa neBhaibheri kuti zvaiva. Ndizvo zvese izvozvo. Uye izvi ndezvekuti, Mwari vari kushanda naAbrahama murwendo, sezvaVachaita neMbeu yaAbrahama yehumambo murwendo rwacho. Cherechedzai, Vanoshanda nemaJudha nenzira imwe cheteyo. Zvose zvakatangira imomo, muvimbiso iyoyo yesungano; marudzi ose, vanhu vose.

191 Cherechedzai mushure mekuonekwa muZita iri raMwari Samasimba. Uye zvakazarurwa kwaari kuti Vaiva Uyo Akazvikwanira muna Zvose. Vakanga vasina vabatsiri; Vaisada chero mumwe, chero vanyori. Vaiva voga, Mwari. Vaiva Mwari, voga. Uye Vakazviratidza kuna Abrahama muZita iri, zvino paVakazviratidza kwaari muZita iri, uye Abrahama ndokucherechedza kuti Vaiva Ani, Vakashandura zita raAbrahama. Zvino asvika pahuzaro hwekutenda zvino. Munoona kwasvikwa neChechi? Ndinovimba kuti muri kugona kuverenga pakati pemitsara. Vakasvika panzvimbo yaVakazarurwa kwaari kuti Vaive Ani, ndokubva Vashandura zita raAbrahama kuitira kuti vimbiso izadzikiswe.

Zvino unoti, “Zvezita hazvina kana basa.”

192 Saka sei Vakachinja zita raAbrahama kubva kuna Abrama kuve Abrahama? Sei Vakachinja zita raJakobho kubva kuna *Jakobho*, “munyengeri,” kuva *Israeri*, “muchinda pamwe naMwari”? Sei Vakachinja zita raSauro kuve Pauro? Chokwadi, zita rake, zvirokwazvo, zvechokwadi rinoreva chimwe chinhu. Zvirokwazvo rinodaro. Kana usina kupihwa zita rakanaka, Mwari vacharishandura, kana Vakakudana. Hongu, changamire.

193 Cherechedzai, Vakashandura zita rake pano zvino, kubva kuna Abrama kuva *Abrahama*, zvinoreva kuti, "baba vemarudzi," vakawedzera h-a-m, Abrahama. Saka Vakaita izvi kuitira kuti chipikirwa chose chizadzikiswe. Uye mwanakomana zvino, akanga avimbiswa kwenguva refu kwazvo, aigona kuonekwa, kana kuti, neimwe nzira, aizarurwa, paVakashandura zita rake zvino mushure mekunge acherechedza kuti Vaive Ani. Anogona kunge akadaro, anogona kunge akafunga kuti paiva neboka ravo; asi akacherechedza kuti Aiva Elohim, Mwari voga. Asi, paakaita izvozvo, zvino Vakashandura zita rake. Akati, "Zvino, Abrahama, hauchanzi Abrama, asi *Abrahama,* nokuti, Ndakakuita 'baba vemarudzi,'." Abrahama, zvino, ave muchinhano chaicho zvino. Ave muchinhano mushure mechizaruro chekuti iVo ndiAni. Ave muchinhano zvino chekuona mwanakomana achizarurwa.

194 Mwanakomana agadzirira kuchiuya, kuti achizarurwa. Oo, vana vaAbrahama!

195 Cherechedzai, Vakashandura zita remutumwa waVo, panguva yekupedzisira chaiyo. Apo chaipo, ava nemakore 99, kwasara gore rimwe chete, uye Vakashandura zita rake kubva kuna Abrama kuva Abrahama. Kushandura zita rake, ndokuwedzera h-a-m, zvinoreva "baba." Aifanira kuzova baba, baba vevimbiso; baba, vimbiso.

196 Oo, kana uine kunzwisisa kwepamweya, teerera! Mushure mechizaruro cheZita raVo, chokuti Vaiva Ani, Vakashandura zita rake. Zvino mushure mechizaruro, zvino Vakarova nyika, "hapana boka ravanaMwari; kune Mumwe chete," zvino yava nguva yechizaruro yekuti Mwanakomana akavimbiswa achizarurwa kuMbeu yehumambo yaAbrahama, yevimbiso.

197 Tarisai, Vakarishandura kubva kuna Wesley, Baptisti, Presbyteriani, Pentekosti. Handizive kuti ndotaura izvi here kana kuti kwete. Hausungirwe kuzvitenda. Asi ndinovimba kuti munondiregerera, nokuti handidi kukurwadzisai.

198 Asi, tarisai, hakuna kumbobvira kwava nemutumwa kumachechi a—aMwari, munhoroondo yese yenguva, iyo yakambova nemutungamiriri, kubva pakuvandudzwa, semutungamiri watinaye nhasi, Billy Graham, ndizvozvo, nokuti akaenda pasi rose. Maona? Uye, cherechedzai, hatina kumbobvira tava nemunhu, chero muvandudzi . . . Tinotora Sankey, Moody, Finney, Calvin, Knox, chero waangava, Wesley, Luther, hapana kumbobvira pava nemumwe ane zita rinopera na h-a-m, kumashure. Mutumwa mumwe chete watakambova naye mumazera echechi, ane zita rinopedziswa na h-a-m; G-r-a-h-a-m, Graham.

199 Zvino Graham mavara 6, uye 6 inhamba yemunhu, zuva remunhu; munhu akasikwa, muna—muna Genesi 1:26, nezuva rechitanhatu. Asi 7 inhamba yaMwari; zuva rechinomwe,

Mwari vakazorora. Kwete 6, zvichiratidza G-r-a-h-a-m uyu kuti achange ari kuchechi iri munyika; asi, A-b-r-a-h-a-m, Abrahama mavara 7.

200 Woti, "Zvemanhamba hazvina basa." Saka hauzive zvemanhamba emuBhaibheri rako. Maona? Une chokwadi chekuZvibata nepasipo zvino. Zvirokwazvo.

201 Mwari "vanokwaniswa" munana *3,* uye "vanonamatwa" munana *7,* uye "vanoedzwa" munana *40,* uye "majubheri" munana *50*, oo, chero chaunoda kuita. Masvomhu ese, Bhaibheri rinoshanda nemasvomhu.

202 Cherechedzai, wechitanhatu mutumwa ari kuzotumirwa kunyika. Uye, cherechedzai, yechinomwe inhamba yaMwari.

203 Uye cherechedzai panguva ino yekuonekwa zvino, kana kuti kuzarurwa kweMwanakomana. Apo . . . Zvichazarurwa, Mwanakomana. Vakatocherechedza kare Zita raKe, vakaziva kuti Aiva Ani. Ndiye El Shaddai, Samasimba, Elohim. Asi zvino tadzika kusvika panguva yeMwanakomana akavimbiswa achizoZvizarura. Mwanakomana, Isaka pachaKe akanga avimbiswa, agadzirira kuuya panzvimbo.

204 Uye haAna kukwanisa kuzviita kusvikira Atuma uye ashandura zita rake kubva kuna Abrama kuva Abrahama, nokuti, "baba vemarudzi, ndizvo zvaaiva." Cherechedzai, -*ham*, h-a-m, "baba, baba vemarudzi."

205 Tarisai kuti zvinokwanirana sei naMaraki 4, "Kudzoreredza Kutenda, kuchidzokera kumadzibaba," Mbeu yaAbrahama ichadzoreredzwa kumhando yeKutenda uko baba Abrahama vaiva nako, Mbeu yavo yehumambo. Maraki 4 kuti izadziswe, ndeyekudzorerazve Kutenda kwaimbovapo kareko pakutanga, kuKudzoreredza kuMbeu yehumambo yaAbrahama. Ivimbiso. Ivimbiso chaiyo. Mbeu yeHumambo iri kuzozarurwa, uye ne . . . neMbeu yeHumambo, inova Mbeu yeHumambo, yaKristu. Kristu ndiye Mbeu yeHumambo. Uye Mbeu Mweya Mutsvene uri mumoyo yevanhu vanotenda muna Mwari, vanobata Shoko raVo, uye naMwari vachishanda nemavari, vachitakura Mharidzo imwe cheteyo. "Kwechinguvana uye nyika haichazoNdionazve, asi imi muchaNdiona; Ndichava nemi, kunyange mamuri. Uye mabasa aNdinoita, nemiwo muchaaita zvakare." Munoona, kuzvizarura mumazuva ekupedzisira pano, kuti zvinofanira kuuya sei.

206 Zvino, tarisai chitsauko 18 zvino. Pakarepo mushure mezita rakashandurwa, Mwari vanoonekwa, kuti vaZvizarure munyama. Mushure mekunge Zita racho raziviswa, kuti iVo ndiAni, Mwari vanoonekwa munyama. Abrahama, rimwe zuva raipisa, mavhiki mashoma chete kana mwedzi Sodhoma isati yapiswa uye Isaka asati auya panzvimbo. Zvino, cherechedzai, Abrahama akagara kunze pasi pemuoki wake.

207 Zvino Roti ari zasi muSodhoma, uye vari kunakidzwa nemafaro enyika. Asi, ndiye Mufundisi Roti, zvichida aive neungano diki yakanaka zasi ikoko. Chero zvaakaita, Bhaibheri rakati, "Huipi nezvivi zve—zvenguva idzodzo zvakashungurudza mweya wake wakarurama." Saka anofanira kunge aive tingati navanaRoti vakawanda vechimanjemanje nhasi uno, asi aiziva kuti hapana chaaikwanisa kutaura nezvazvo. Saka zvino cherechedzai, hapoka paaive.

208 Asi Abrahama, mushure mekunge Azarurwa kwaari, zvino, Elohim ndiYe akanga achitaura naye. Zvino agere pasi pemuoki, uye hapo ndokuuya vanhu 3, vachifamba sevanhu. Tarisai zvakakonzerwa nechizaruro, chekuti Mwari vaive Ani, pana Abrahama, zvachakaita kwaari. Mushure mekunge zita rake rashandurwa kubva kuna Abrama kuva Abrahama, akaona Vanhu 3 vachiuya, zvino akadana 3 ivavo, Mumwe, "Ishe wangu." Vatatu vavo, vari Mumwe. Hazvina kudaro nenhamba 6, Roti; akaona 2 vachiuya, zvino akati, "madzishe angu." Chiratidzo chaAbrahama nechizaruro zvakamuratidza kuti Aiva Elohim Akazvikwanira muna Zvose. Mbeu yaKe ichagamuchira chinhu chimwe chetecho.

209 Cherechedzai kuti AkaZvizarura sei, kuti AkaZvizivisa sei, kuti akarurama here kana kuti kwete. Cherechedzai, kune vanotenda zvechokwadi, chiratidzo chaAkaita. Chii chaAkaita, kumuzivisa kuti akanga ari Elohim?

210 Zvino, akati, "Ishe wangu." Ivara guru I-s-h-e. Mudzidzi chero upi zvake, munozviziva; mudzidzi chero upi zvake anoziva kuti ndiElohim, Uyo Akazvikwanira muna Zvose, Elohim.

Mumwe murume akati kwandiri, imwe nguva, "Hamutendi kuti vaive Mwari ivavo?"

211 Ndikati, "Chokwadi ndinodaro. Abrahama akati Vaiva Mwari. Akataura naVo; anofanira kuziva." Ehe.

212 "Oo," akati, "munoreva here kuti Mwari vakamirapo vachidya nyama iya yemhuru iyoyo, ne—nekunwa mukaka wakabva pamhou, nekudya chimodho, chero zvamunoda kuchidaidza ipapo?"

213 Ndikati, "Vakatodaro. Handiti, hamutongozive Mwari wedu." Zvinoka, ini zvangu, Vaigona kungo . . . Handiti, Vakangosveverera . . .

214 Takagadzirwa nezvinhu 16; petroleum, chiedza chemuchadenga, nepotash, necalcium, nezvimwe zvakadaro, zvinongova zvinhu 16. Vakangozvibatanidza pamwe chete, ndokufemera mazviri, vakatofamba vachidzika panyika. Ndinofara kwazvo kuti iVo imhando yakadaro yaBaba. Kunyangwe honye dzemunyama dzikaparadza mutumbi uno, asi Vachakudana. Vakavimbisa kuti Vachazviita. Ndivo Elohim. Vakatora rimwezve rakazara chanza, ndokuti, "Huya pano,

Woodworm," kana chero zvaaive, Ngirozi, "udzike zasi kuno. Ngatidzikei zasi tinoferefeta Sodhoma, tione zviri kuitika."

215 Zvino Abrahama, mushure mechizaruro ichocho, akazviona ndokuziva kuti kwaiva naMwari mumwe chete. Zvino akazviona, ndokuti, "Ishe wangu, tsaukirai pano, mugare pasi, regai ndishambidze tsoka dzeNyu." Zvino, haana kumboti, "ishe . . . " Uye, tarisai, zviri mu—zviri muvara guru ipapo. Chero ani zvake anozviziva. Ndine Emphatic Diaglott. Munoona, ivara guru I-s-h-e, "Ishe," Elohim, Uyo Akazvikwanira muna Zvose. Akati, "Regai ndimbotora mvura shoma ndigeze tsoka dzeNyu, ndiKupei chimedu chechingwa, zvadaro Mozogona henyu kuenda nenzira yeNyu."

216 Veduwee, ndiri kunonokesa pano. Regai ndikurumidze. Ndi—ndinoda kusvika neche pano, uye handizivi kuti ndichakwanisa riinhi. Ingotsungirirai neni zvishoma, mungadaro here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti]

217 Cherechedzai, Elohim, Uyo Akazvikwanira muna Zvose, Mwari. Zvino Vakati . . . Tarisai zvaVakaita.

218 Zvino, 2 vaVo vakatanga, vakaramba vakatarisa zasi ku—kuSodhoma.

219 Uye Vakati, "Munofunga kuti Ndichavanzira nyaya iyi kuna Abrahama?" Hapana chaVanoita kusvikira Vachizarurira kuvaporofita vaVo. Munoona, Vanovaita kuti vazvizive. Zvino Vakati, "Handisi kuzovanza izvi, ndichiona kuti aka—akaropafadzwa naMwari uye achagara nhaka yenyika, nezvimwe zvakadaro. Mbeu yake ichava, neimwe nzira, achava baba vemarudzi mazhinji. Handisi kuzomuvanzira izvozvo. Ndiri kuzomuita kuti azive." Uye saka Vakadaro, ndokutanga kumuzivisa.

220 Zvino Akati, "Abrahama," kwete Abrama. "Abrahama, mudzimai wako aripi, S-a-r-a?" Ko Akazviziva sei? Zvinoka, zuva rimwe chete kumashure kwacho, aiva Abrama, zuva rimwe kana 2 zvisati zvaitika. Uye mudzimai akanga ari Sarai, uye zvino ave Sara. Uye ave Abrahama. Akati, "Abrahama, aripiko mudzimai wako, Sara?"

Abrahama akati, "Ari mutende, shure kweNyu."

221 Akati, "Ndichakushanyirai maringe nenguva yehupenyu. Uye mwanakomana uyu akavimbiswa, agadzirira kuuya panzvimbo zvino. Muchava naye."

222 Zvino Sara, pachake, akaita sekuseka, akati, "Ini ndachembera kudai, zvino ndofara nashe wangu zvakare, naiyewo akwegura?" Chimwe chinhu chakada kudaro, saka, nekuti aive—aive ne 90, uye murume wacho aine 100. "Uye saka zvino ndingadaro zvakare here?"

223 Zvino Ngirozi, mutumwa, Mwari vari munyama yemunhu, vakati, "Ko sei mudzimai aseka?"

224 Kwaiva kusimbiswa ikoko. Sei? Zvakaratidza kuti chizaruro chacho chaiva chechokwadi. Zvakaratidza kuti zvaakanga aMudana kuti, Elohim, zvakanga zviri izvo. Nokuti, Akanga ari Shoko. Maiva mu . . . Muna VaHebheru, chitsauko 4, ndima 12, yakati, "Shoko raMwari rinopinza kupfuura munondo unocheka nekumativi 2, uye rinonzvera mifungo nezvinangwa zvemoyo." Zvino Abrahama paakazviona izvi, akava nechokwadi ipapo kuti aikwanisa kuMudana kuti, "Elohim." Elohim, Aiva Shoko, "Mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi."

225 Cherechedzai Jesu, Mbeu yehumambo yaAbrahama, paakauya panzvimbo, AkaZvizarura kumbeu yepanyama yaAbrahama, muchiratidzo chimwe chetecho. Uye vakaMudana kuti, "Bherizebhabhu." Zvakavapofomadza, vaye vasingatendi, zvakavapofomadza zvikavakonzera kuti vamhure, ndokubva zvavaendesa kugehena. Asi zvakapa kuona kwaZiyendanakuenda kuvatendi, avo vakagadzwa kuHupenyu Husingaperi.

226 Cherechedzai, Jesu akavimbisa kuti . . . mumazuva ekupedzisira, nguva pfupi kuuya kweMwanakomana wemunhu kwoda kusvika, kuti Aizouya oZvizarura, mumazuva ayo Mwanakomana wemunhu achange achizarurwa, Mbeu yehumambo iyi yaAbrahama yaizoona chiratidzo chimwe chetecho. Zvino cherechedzai, paAkati, ndi—ndiMutsvene Ruka 17:28 ne 30, "Uye sezvazvaiva mumazuva eSodhoma." Zvino, Jesu ndiye akazvitaura izvi. Ini handina mungava pazviri. Iye . . . Ndine mungava wekuzvitaura, kutaura zvaAkataura. Asi, Jesu akataura izvi, "Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava mukuuya, pakuuya kweMwanakomana wemunhu," zvino cherechedzai, "mumazuva ayo Mwanakomana wemunhu anenge achizarurwa, Mwanakomana wemunhu paachange achizarurwa kuChechi yaKe."

227 Sekuna Abrahama. Vaive Mwari, Vakaramba vachidzika; ndokusimbisa sungano, akacherechedza kuti Aive Ani, zvino zita rake ndokushandurwa. Cherechedzai, rakashandurwa nguva pfupi Vasati vasvika pachikomo, chakatarisa Sodhoma, nguva pfupi Mwanakomana akavimbiswa asati auya.

228 Jesu akataura mufananidzo mumwe chetewo. Jesu aiverenga Bhaibheri rimwe chetero randiri kuverenga nerauri kuverenga iwe. Kana muchida kuziva zvazvainge zvakaita, dzokerai muone zvavakanga vachiita mumazuva eSodhoma. Cherechedzai, kwete zvakanyanya mumazuva aNoa (Akataura hunzenza hwavo, kuti vaidya sei, vachinwa, vachiwanana, vachiwaniswa), asi muSodhoma.

229 Zvino apa "haisisiri mvura zvachose," Mwari vakazvivimbisa nechiratidzo chemuraraungu. Vakatipa chiratidzo. Vanogara vachipa zviratidzo. Muraraungu . . . Vanogara vachirangarira zviratidzo zvaVo. Nguva dzose

vakavimbika kwazviri nemumakore ose, havambokundika kupa chiratidzo chemuraraungu ichocho. Vanogara vachipa zviratidzo zvaVo. Cherechedzai.

230 Uye muchiratidzo ichocho, Vakavimbisa kusazoparadza nyika "nemvura zvakare," asi Vakati yaizo "tsva." Uye cherechedzai Jesu pano achiti, "Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma," nyika yeMarudzi yaizoparadzwa. VaSodhoma!

231 Zvino tarisai hunhu hwemarudzi. Tarisai hunhu hwechechi, sezvakangoita Roti. Tarisai zviripo zasi pakati pavo: murume, G-r-a-h-a-m, achivatsiura, ivo vezvematongerwo enyika, kuchechi yepanyama. Zvino pachechi yepamweya . . .

232 Panogara paine mapoka 3 evanhu. Ndivo, vatendi, vasingatendi, nevatendi vekabanga. Vanavo muungano yose zvayo. Dai wanzwa kumanikidzwa sezvandaita, waizoziva kuti vari pano chaipo manheru ano. Saka zvino, saka, iwe . . . uye vose vari 3. Cherechedzai, hezvoka izvo, pagara paine mapoka 3 iwayo kwese-kwese.

233 Zvino kana mukaona kuti chaizova chinhu chimwe chete apo Mwanakomana wemunhu aizozarurwa kuMbeu yehumambo yaAbrahama, kubudikidza naKristu (Kristu ndiye Mbeu yeHumambo), paAnenge achizarurwa mumazuva ekupedzisira. Zvino, maererano nenzvimbo, nyika igere chaipoipo, nekuti Mwanakomana akasimuka kuMabvazuva anovira kuMadokero. "Uye rakanga riri zuva rakadzimaidzwa," vakagadzira hurongwa hwemasangano, masangano, "asi kuchava neChiedza munguva dzemanheru," akadaro muporofita Jeremia. Zvino, uye mumazuva Mwanakomana iyeye, paAnobuda kubva kuseri kwemakore esangano, kuti aZvizarure, Akati nyika ichange yakaita sezvayaiva mumazuva eSodhoma, uye Mwanakomana wemunhu anozoZvizarura zvakare kuvanhu vaKe. Tarisai kuti Akazvizarura sei kumbeu yaIsaka; tarisai kuti Achazvizarura sei kuMbeu yehumambo, Mwenga weHumambo, Mambokadzi. Mambokadzi ndiye Mbeu yehumambo.

234 SaMwari vakaburitsa rudzi kubva mune rumwe rudzi, muEgipita, Vari kuburitsa Chechi kubva muchechi, kana kuti Mwenga kubva muchechi; Chechi kubva muchechi. Uye musariridzwa weMbeu yemudzimai, ndivo avo vakanga vakasara, "pane kuchema nekuungudza nekugeda-geda kwemeno, nokuti vakanga vasina Mafuta mumarambi avo, Mweya Mutsvene," nguva dzose waimiriririrwa. Hapoka pavari.

235 Chinhano chacho chakamira zvakanaka. Uye zvino tarisai kumusoro pachikomo. Zvino, Chechi, Abrahama; Roti; vaSodhoma. Nyika; chechi; Vasanangurwa. Chechi, Mwenga, wakabva muchechi. Takagara panzvimbo chaiyo. Nyika inongova mukufambirana zvakanaka chaiko nazvo.

236 Kutsveyama! Zvinhu zvose zvakatsveyamiswa. Ndizvozvo, ndinokuudzai, zvinhu zvose zvangova masanganiswa. Ivo . . .

237 Ndakauya zasi, ndikaona chiratidzo chikuru, chakati, "Chibage chemasanganiswa." Manjeka, hachina kunaka. Kwete. Zvinofanira kukuitai imi vasingatendi muna Mwari kuti musvetuke. Mwari pavakati, "Mbeu yose ngaibereke zverudzi rwayo." Uye unogona kuita chibage chemasanganiswa wochiita kuti chive chibage chinotaridzika zviri nani, asi haugone kuchidyara zvakare; hachina kana hupenyu machiri.

238 Uye ndiyo nzira yatakaita nayo chechi. Takaiita kuti ive yakanaka, uye tikaishongedza nehunyerekete hwemasangano, asi haina Hupenyu mairi. Haikwanise kuunza humbowo ihwohwo hweBhaibheri zvakare. Maona? Haikwanise kuunza humbowo hwerumuko rwaKristu. Inyaya yemasanganiswa.

239 Vanhu vanopfeka zviri nani, vanobhadharwa zviri nani, masangano akadarika pakukura, vapfumi nokupfuurira, vemuZera reRaodhikia, chaizvoizvo. "Wakapfuma, hapana chaunoshaiwa; usingazive kuti wakasuwa, unonzwisa urombo, uri bofu, uye uri murombo, hauna kusimira, uye hauzvizive." Kana munhu akaziva kuti haana kusimira, unogona kutaura naye. Asi kana asingazvizive, chimiro chinosuwisa ichocho, chinonzwisa tsitsi. Usazvidza vanhu vacho, asi iva netsitsi. Ko dai anga ari iwe uri muchinhano ichocho? Ko dai Shoko rakanga risina kuzarurwa kwauri, waizoitei? Chii chimwezve chaizove nebasa, kana maziso ako akapofomara zvikuru zvekuti haugone kuZviona? Chiono chinosuwisa.

240 Uye chaizvoizvo, panzvimbo. Haugone kunongedza kana munwe pazviri; hapoka pazviri, chaizvoizvo zvaAkataura kuti zvaizoitika. "Zviratidzo izvi zvichange zviri mumazuva ekupedzisira." Honai pavagere, chaipoipo.

241 Zvino tarisai, kuita zvemasanganiswa. Munoziva, kana chimwe chinhu ini . . . Ukatora, sekuti ukatora dho—dho—dho—dhongi, worisanganisa nebhiza, bhiza hadzi, waro, zvino unowanei? Unowana nyurusi. Asi nyurusi iroro harigoni kubereka zvakare. Maona? Mwari vakati, "Mbeu yose ngaibereke zverudzi rwayo." Zvino zvenyu zvekushanduka kwezvisikwa zvinobvepi? Basa renyu imi rakatopomera zvamakati munotenda. Mwari vakati, "Mbeu yose ngaibereke zverudzi rwayo." Haikwanise kuzviberekazve zvakare. Kwete, kwete. Yakatoparara.

242 Uye ndinofunga kuti nyurusi nderimwe rezvi—zvinhu zvisinganzwisise chaizvo zvandati ndakamboona. Haugone kuridzidzisa chero chinhu. Rinogarapo nemazinzeve marefu iwayo, munoziva, uye rinotomirira kusvika nguva yekufa chaiyo kuti ringokukava, risati rafa. Rinongo . . .

243 Haukwanise kuridzidzisa kana chinhu. Zvinondiyeuchidza . . . Rinogarapo, uye ukanoriudza zvimwe zvinhu, zvinondiyeuchidza nezvevamwe vanhu, vanozviti vatendi nhasi. Mazinzeve marefu, rogarapo, zvino, "Mazuva

ezvishamiso akapfuura. Ho! Ho! Ho!" Haritozive kuti rakabvepi. Hapana charinoziva nezvaZvo. Chinhu choga charinoziva ndechimwewo chitendwa chechechi.

244 Asi rega ndikuudze, ndine ruremekedzo nebhiza risina kana masanganiswa. Vakomana, rinogona kukuudza dzinza raro. Rinogona kukuudza kuti baba varo vaiva ani, amai varo vaiva ani, ambuya varo, sekuru varo vaiva ani. Rinotova nedzinza.

245 Ndizvo zvakaitawo Makristu chaiwoiwo, anogona kuzvironda zvichidzokera chaiko kuBhuku reMabasa uye voona kwavanobva, Mukristu chaiyeiye, akaberekwa neMweya mumwe chete, chinhu chimwe chete, achiita nenzira imwe cheteyo.

246 Nevatambudzi vamwe chete; madhongi nemabhiza zvichidya pamwe chete. Ndizvozvo. Hezvoka izvo. Unofanira kuva nazvo, zvakadaro. Rino izuva remasanganiswa.

247 Ndakaona chimwe chidimbu mu*Reader's Digest,* nguva shoma yapfuura, "Mukaramba muchipa vakadzi nyama iyi yemasanganiswa ne—nezvimwewo, havazogoni kubereka vana vavo. Vari kushanduka. Vave kutokura pamapendekete avo, uye vachitowedzera kutetepa muchiuno." Handiti, ndizvo, munoziva kuti munhu anogara achizviparadza nebudiriro yehungwaru.

248 Dzokai kuna Mwari! Tendai Mwari. Dzokai kuMbeu yepakutanga. Dzokai mugoItenda. Makaverenga angu mate . . . mune matepi angu, waro, ndinodaira kuti makaanzwa, pamusoro pe: *Mbeu Yepamavambo,* ne*Muti WeMwenga,* nezvinhu izvozvo, zvinova zvechokwadi. Ishe vanozviziva izvozvo.

249 Zvinhu izvozvo zvakatofanotaurwa, mwedzi nemwedzi. Imi vanhu, zvamunoona pano, zvinongova zvidiki, zvamunoona zvichiitika. Bvunzai vanhu vari pano, bvunzai kana imwe nguva yazvakambokundika. Unotaura nezvevanhu, kudengenyeka kwenyika, zvinhu zvichazoitika. Mweya Mutsvene unotiudza. Ndizvo here? [Ungano inoti, "Ameni."] Pane murume aka . . . Chokwadi. Uye nezvevanhu vakasiyana-siyana.

250 SaMarilyn Monroe, nguva refu asati afa. Vakataura kuti akazviuraya. Haana kudaro. Akafa nekukomoka kwemoyo. Zvirokwazvo.

251 Murume uyu, murwi uyu. Maginot Line muGermany. Zvinhu zvose izvozvo, zvinongova zviuru zvezvinhu, zvakanyatsoti nemo-nemo, nguva dzose. Hazvikwanise kuva chimwe chinhu kunze kweMweya Mutsvene. Maona? Maona? Wakazvivimbisa.

252 Wakapa zvinhu 7 muna 1933, zvaizoitika. Uye zvino chimwe nechimwe chazvo chakatoitika kunze kwezvinhu 2, zvakakwana, nemo-nemo. Kuti kunyange Purezidhendi Kennedy aizopinzwa sei. Zvirimo chaimo mumabhuku angu izvozvi, zvakataurwa makore 33 akapfuura, chaizvoizvo.

Kuti Maginot Line yaizovakwa sei, makore 11 isati yavakwa. Kuti Hitler aizosimuka sei, ne—neFascism, ne—neNazism, nezvose kuti zvichibatanidzwa mucommunism, uye communism yaizoparadza chiKatorike. Uye ichadaro, hongu, zvisinei nezvavanoita. Uye ndokuratidza, akati kuchava neKanzuru yemaChechi, uye kuti machechi ose aizouya pamwe chete oumba mufananidzo unonzi Munembo weChikara. Munotovaona vari munzira chaimo, izvozvi. Ndizvozvo chaizvo. Zvinofanira kuitika, nokuti hazvina kumbobvira zvakakundikana kuva zvakadaro.

253 Chero munhu upi zvake anozviziva, chero ani zvake, vaendesei pasi rose, hazvina kumbobvira zvakundika kana kamwe chete zvako. Mwedzi nemakore kumberi kwenguva, zvinongova zvakakwana panzvimbo chaiyoiyo. NdiMwari vari pakati penyu, imi vanhu; Mwari vari matiri, Mweya Mutsvene. Cherechedzai, Jesu akati Mbeu yehumambo ichaziviswa nechinhu chimwe chetecho, pano muna Ruka chitsauko 17. "Oo, dzokai, O imi makapararira, kubva kumasangano enyu, kuenda kune yekwenyu."

254 Chero ani wedu anogona kutenda kuti Mwari . . . Kana uchitenda muna Mwari, unoziva kuti Mwari vanopodza vanorwara. Izvozvo hazvina kana mubvunzo. Handiti, kana usingatende izvozvo . . . Munoziva, vakati mumazuva iwayo, "Jehovha, tinoziva kuti Anogona kupodza, asi haAkwanise kuponesa." Iye zvino, "Anogona kuponesa, asi haAgone kupodza." Munoona, anongova dhiyabhore mumwe chete, chinhu chimwe chete. Iye ndiye zvose Muponesi pamwe chete nemupodzi. Ndiye Jehovha-Jire naJehovha-Rafa.

255 Oo, dzokai! Rangarirai, Akavimbisa chimiro ichi, chezvinhu zvose zvichingova sezvazviri zvino, zvacho zvaizoitika. Akati zvaizoitika, uye zvinofanira kutoitika.

256 Vanhuwee, ndine urombo. Ndakugarisai kusvika nguva yanyatsopera zvino. Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana, ndicha . . . Ndichapedzisa izvi, zvichida, mangwana manheru. Ndine mamwezve mapeji angada kusvika 6 pano. Kotamisai misoro yenyu kwechinguvana. Ivai nekuremekedza, munhu wese.

257 Munogona kusawirirana neni; mune kodzero kwazviri. Ndine kodzero yekutaura zvandinofunga. Ndava neGwaro. Zvino, zvisinei nezvandingataura, kana Mwari vakasazvitsigira, zvino Urimi neTumimi haisi kushanda, zvino zvarambwa. Zvisinei nokuti zvinonzwika sezvakanaka sei uye kuti zvinonzwika sezvemazvirokwazvo zvakadii, Urimi neTumimi inofanira kuzviratidza. Mbeu inofanira kumuka kuhupenyu, kana ikasadaro, zvino zvaisava saizvozvo.

258 Zvino, zvekupodza, ndakaedza kukuudzai kuti handisi mupodzi. Pane vanhu vakawanda vanozviti vapodzi. Zvino pane

va—vatsoropodzi vakawanda vanodana vanhu kuti vapodzi, izvozvo, kuti vangotsoropodza chete. Moyo wavo hauna kumira zvakanaka naMwari. Maona? Chero munhu upi zvake anoziva kuti hapana munhu anogona kupodza mumwe. Mwari ndivo vanopodza hurwere. Rega Mwari vangodana rufu rwako, zvino wonamata zvese zvaunoda, uye chipatara chokupa jekiseni remushonga wemvura zuva nezuva, zvino unongofa zvimwe chetezvo.

259 Kana ndikacheka ruoko rwangu manheru ano, ndomira pano neruoko rwakachekwa, hapana mushonga munyika unogona kupodza ruoko rwangu. Hatina kana mushonga unopodza. Hapana mushonga unopodza. Chiremba chero upi zvake anokutaurira kudaro. Unongoramba uchichenesa apo Mwari vachipodza. Haugone kuvaka zvizenga zvemuviri. Kana ndikacheka ruoko rwangu, zvino, "Oo," woti, "hongu, Hama Branham, pane mushonga unopodza ipapo." Zvakanaka, ndinoda kuziva kuti zvauri zvacho.

260 Regai ndikuratidzei. Kana ndikacheka ruoko rwangu ndowira pasi ndafa pano, chiremba anogona kuuya agoisa mushonga wezvitunha mumutumbi wangu nekundiita kuti nditaridzike semunhu mupenyu kwemakore 50. Ogosona ruoko rwangu, wonditora kunze uko uye wondibaya jekiseni repenicillin, zuva nezuva, uye mumakore 50 kubva zvino vanga iroro richange rakangoita sezvaraive parakachekwa. Kana—kana mushonga wakagadzirwa kuti ugorapa pachekwa, sei usingaparapi? Mushonga chero upi zvawo unopodza pakachekwa paruoko rwangu, unopodzawo pakachekwa padhesiki iri, unopodza pakachekwa pajasi rangu. Kana ukapodza pakachekwa, unopodza pakachekwa zvisinei nepakuri. "Zvino," unoti, "handiti, mushonga wakagadzirirwa vanhu." Saka sei usingapodze? "Saka," unoti, "hupenyu hwabuda mauri." Zvino pane chimwe chinhu kunze kwemushonga chinopodza.

261 Hupenyu, chokwadi, uye hupenyu ndiMwari. Zvirokwazvo, ndizvo. Asi, vamwe vatadzi, vakatsveyamiswa nazvo, asi zvakadaro uri mumufananidzo waMwari. Uye hupenyu hwaunahwo uhwo Mwari vakahupa kwauri. Unozviziva izvozvo; kwete, nokuti Mwari ndivo mupodzi. Hupenyu ndiwo mupodzi. Imi tendai izvozvo, munoona. Ndakaona zvakawanda zvakaitwa!

262 Zvino ngatingoVagamuchirai, hamungadaro here? Tisati taita izvozvo, handizive kuti vangani vari muno vakagutsikana, kumashure. . . Kana muri vatsva pano, musati mambopinda muno, kuti munoMutenda here kuti Mwanakomana waMwari? Uye neizvi, Mharidzo manheru ano, Shoko roga, Asati atomboita chimwe chinhu, kuti unoRitenda, uye unoda kuti ndikurangarire mumunamato, simudza ruoko rwako. Ungadaro here? Oo! Mwari

vakuropafadzei. Oo, ini zvangu! Maoko mazana 3 kana 4. Mwari vakuropafadzei.

263 "Kutenda kunouya nekunzwa, nekunzwa Shoko." Chikonzero ndataura kudaro, Mbeu inowanirwa nyasha naMwari. Ndinofunga zvino, pane kungo—kungodana mutsara wekunamatira kumusoro kuno, ndichangokuitai kuti munamate.

264 Regai ndikupei Gwaro, kutanga. Nezvatinoita, zvinofanira kuva muMagwaro. Zvinofanira kuva muMagwaro! Mwari havamboremekedza chimwe chinhu. Mwari havamboremekedza nhema; munozviziva izvozvo. Iwe—iwe hawaigona kudzibatanidza idzodzo naVo. Havaremekedzi nhema. Vanongoremekedza Shoko raVo chete. Asi Vakavimbisa, kuti, "Shoko raNgu haridzokeri kwandiri risina chinhu. Richaita izvo zvaRakarongerwa." Uye tinoona Shoko rakagoverwa nhasi uno. Hazvina mhosva kuti kusatenda kukuru zvakadii kunosimuka mumusasa, Mwari vanoremekedza Shoko raVo kana Vawana kutenda kwekuRiremekedza nako.

265 Zvino pane imwe nzvimbo muchivakwa, ndinoda kuti mutore Gwaro iri. VaHebheru chitsauko 3, ndinotenda kuti ndiro. Bhaibheri rakati, iro, "Ndiye Muprisita Mukuru, iko zvino, anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu."

266 Uye iwe wasimudza ruoko rwako, ndinoda kuti iwe, apo shumiro zvayave kusvika pakupera pano, ndinoda kuti uuye ugomira pano unamatirwe, ugamuchire Kristu seMuponesi wako. Woenda kune imwe chechi yakanaka iri kuno. Zvisinei nokuti iri kupi, mumwe munhu anoparidza Evhangeri, enda kwavari ugokumbira rubhabhatidzo rweChikristu. Uye mufundisi wacho achakutora kubva ipapo zvichienda mberi. Iye munhu waMwari. Akadanwa kuti ave munhu waMwari, acha—achakutora kubva ipapo zvichienda mberi. Kungoti, dai ndaive muno muguta rino, ndaizove nhengo yemamwe emachechi aya pano. Ndaitouya kwavari, avo vanotenda Evhangeri. Ndaizovapo. Zvirokwazvo, ndaizozvibatanidza pamwe navo, nekuti ndizvo zvaunofanira kuita. Uye ndizvo zvaunofanira kuita.

267 Zvino, kana Ari Muprisita Mukuru anogona kubatwa nemanzwiro ehutera hwedu, zvino ndiYe mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, nokudaro Anofanirwa kuita zvimwe chete sezvaAkaita nezuro.

268 Zvino tarisai, mudzimai mudiki akabata hanzu yaKe, imwe nguva, zvino Akatendeuka ndokuziva zvaaiva nazvo, ndokumuudza kuti kutenda kwake kwaive kwamuponesa. Zvino mudzimai uyu akanzwa, mukati make; haana chaakamboita kuti azviratidze. Haaimbosungirwa kuti azviratidze.

269 Hauna zvinhu zvaunoratidza. Unotenda Mwari. Maona? Hauratidze Mwari, zvachose. Haugone kuratidza, kuponesa

hupenyu hwako, kuti kuna Mwari, kungobuda kunze kuno woti, "Regai ndiVaone." Munoona, unofanira kuVatenda.

270 Nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari ndedzemweya. Rudo, mufaro, kutenda, moyo murefu, kutsungirira, kupfava, munoona, zvose zvemweya. Tinotarisa zvinhu zvausingagoni kuona neziso rako renyama.

271 Uye Kristu ari pano manheru ano. Akazvivimbisa. "Panoungana 2 kana 3 muZita raNgu, ipapo Ndinenge ndiripo pakati pavo. Ndipo paNdiri!" Iye "Ini" zvakare, Ari pano. Zvino, "Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi."

272 Iwe namata, zvino uti, "Ishe Jesu, ndiri kurwara," kana chero chipi zvacho chauri kunyatsoda. "Ndi—ndine chishuwo, uye ndi—ndinoda kuti iMi, Mwari vanodikanwa, mundinzwirewo tsitsi, mugondipodza nekundiita mutano. Uye zvino kana ndiine kutenda kwakakwana, Ishe, kwekuKubatai . . . Ndi—ndinoziva kuti Hama Branham havandizive. Ndiri munhu mutsva. Uye ndinoziva kuti havandizive. Zvino, kana—kana murume iyeye andiudza Chokwadi, zvinova zvandinotenda kuti ndizvo, nokuti zvinobva muShoko reNyu chaimo. NdakaRiverenga, ndinoona Richitaridzika zvakanaka chose. Zvino chiRisimbisai. Ndinotaura kuti ndiri Mbeu yaAbrahama, kubudikidza naKristu, ndinozviti ndiri Mbeu yehumambo, ndichitenda muna Jesu Kristu, Mbeu yeHumambo. Uye ndinotenda kuti ndiri chikamu cheMwenga waKe, Chechi yaKe yaAri kuvinga. Zvino ndiri kurwara uye ndine chandiri kuda. Ndapota, Ishe Jesu, regai ndibate nguwo yeNyu. Uye zvisi- . . . uye zvisimbisei kwandiri nekutaura kubudikidza naHama Branham, sekuvimbisa kwaAkaita kuti zvichava 'sezvazvaiva mumazuva eSodhoma.' Ingondiregai . . . regai vandiudze zvandiri kufunga nezvazvo, zvandiri kunamatira, zvandiri kuda, zviri izvo zvandiri kunyatsoda, chimwe chinhu pamusoro pangu." Iwe ita izvozvo, ingozviita.

273 Baba voKudenga, zvino zvose zvave mumaoko eNyu. Zvino izvi ndizvo zvoga zvandinogona kuita, kana mumwewo munhu, anogona kungotaura zvaMataura *Pano,* Chokwadi. Zvino zvisimbisei, Ishe, kuti iChokwadi. Ndataura nezveNyu. Taurai kuti ini ndareva Chokwadi. MuZita raJesu Kristu. Ameni.

274 Ndinoda kuti mungo—mungotenda, ingovai nekutenda. Zvino pasave neanofamba-famba. Ingogarai muchiremekedza chaizvo. Ndinoda kuti mufungidzire pakamira pamberi penyu, muno pane imwe nzvimbo, Kristu, akamuka kubva kuvakafa; akapinda nepamadziro imwe nguva, ndokudya chingwa, akati, "Ndibatei munzwe, Ndiri nyama nemapfupa," uye akanyangarika pamberi pavo chaipo. Zvino Iye—Iye akavimbisa kuti Aizoonekwa mumazuva ekupedzisira, muchimiro chenyama yemunhu zvakare, munyama yako, sezvaAkaita mumazuva eSodhoma. Mwari, avo vaive Kristu, achiratidzwa munyama,

zvino ari muChechi yaKe, Mwenga waKe. Munoona, vari kuuya pamwe chete. Inguva yekubatana. Machechi ari kubatana, nyika dziri kubatana, uye Mwenga naKristu vari kubatana. Munoona, inguva yekubatana.

275 Zvino chingotenda, zviri nyore. Usaedza kuhuta nekumanikidzira chimwe chinhu, nekuti hapana chaunowana. Ingo—ingoti mukuzvininipisa, "Ishe, ndinotenda." Mumwe munhu ingoita saizvozvo. Uye zvino ini . . .

276 Vangani vakagara pamberi pangu, kunyanya . . . Zvino, ndinoziva varume ava *pano,* neava *pano*. Ndinoziva vamwe vakagara *pano*. Ko *pano* chaipo, pamberi pangu chaipo? Ngatizvitsaurirei paboka diki iri riri *pano* pane imwe nzvimbo. Vangani vasati vamboona Kristu achiZvizivisa saizvozvo, ne . . . Ngationei maoko enyu, "Vasati vambozviona." Ndinofunga kuti munhu wese akazviona. Zvakanaka.

277 Iwe nyengetera zvino. Zvino ingova neruremekedzo. Handizivi kuti Achadaro. Handigoni kutaura izvozvo. Zviri kwaAri. Zvichaita kuti utende, zvakasimba chaizvo here? Ishe vanozvinzwa izvozvo. Vanoziva zvinhu zvose.

278 Murume akagara apo chaipo, ari kutambura ne hernia. Munotenda here kuti Mwari vachapodza hernia iyoyo? Munotenda here? Tiri vatsva mumwe kune mumwe, ndinodaira kudaro, imi neni. Handikuzivei. Handisati ndambokuonai. Asi kana zviri izvo zvamanga muchinamatira, simudzai ruoko rwenyu. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu, murume uyu agere . . .

279 Munozvitenda here kuti—munozvitenda here kuti Andreya paakaudza Simoni kuti auye kuzoona kuti vakanga vawana Mesiya, zvino paakauya muHupo hwaIshe Jesu . . . ? Nokuda kwekuti mabatana nechimwe Chinhu zvino, munamato wenyu. Munoona, Akamuudza kuti aive ani. Munotenda here kuti Mwari vanokwanisa kundiudza kuti ndimi ani? Kana mukazvitenda, Vanogona kuzviita. Zvingakukurudzirai here izvozvo kuti mutende nemoyo wenyu wese? Zvingadaro here kwamuri vamwe venyu mose nenzira iyoyo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti]

280 Zvino murume uyu asimudza maoko ake, kuti chero chipi chaaudzwa . . . handizive; ndinofanira kuridza tepi yacho, munoona. Chero zvazvanga zviri, zvanga zviri izvo. Ndizvo here, changamire? [Hama inoti, "Ameni."—Mupepeti] Zvakanaka. Chero zvazvanga zviri, ndizvozvo.

VaShepherd, tendai nemoyo wenyu wese. "Kana muchigona kutenda."

281 Zvino hazvina kusiyana nezvaAkataura, "Zita rako ndiSimoni, mwanakomana waJonasi." Zvino kana mukangotenda chete, ndizvo zvoga zvine basa. Maona? Zvino chii? Akazvivimbisa izvozvo. Akapa vimbiso iyoyo. Zvinoratidza

kuti Ari pano. Kwete ini ndoga; Ari mamuri. Ari muMutumbi waKe wevatendi.

282 Mudzimai mudiki, ari kuchema nekunamata, wakatsikitsira musoro wako. Uri kutambura nekenza. Kana ukasatya, uye ukatenda, Mwari vanokupodza kana uchigona kuzvitenda. Ari kuzozvipotsa, zvechokwadi. Mai Hood, tendai nemoyo wenyu wese zvino, kuti Jesu Kristu anokupodzai, uye munogona kuwana zvamakumbira. Zvino muchazvitenda here nemoyo wenyu wese? Ameni.

283 Agere padivi penyu chaipo pane mudzimai ane dambudziko remudumbu, dambudziko remoyo, zvakangovhiringidzika. Kana mukatenda nemoyo wenyu wese, munogona kuva nekupodzwa kwenyu. Munozvitenda here nemoyo wenyu wose, munozvigamuchira? Munodaro? Zvakanaka.

284 Murume uyo ane ma hemorrhoid, munotenda here kuti Mwari vanogona kupodza ma hemorrhoid iwayo nekukunatsai? Simukai.

285 Munofungei nezvazvo, makagara padivi pavo apo, mune hernia? Munotenda here kuti Mwari vanogona kupodza hernia iyoyo nekukunatsai?

286 Mudzimai ari parutivi peruwoko rwenyu chaipo apo, ari kutambura nemusoro unotema. Waenda zvino. Hauna here? Munoona, kutenda kwenyu ndiko kwazviita. Ndizvo zvoga zvaunofanira kuita, kungotenda chete.

287 Heuno mudzimai ari pano ane chirwere cheshuga. Munotenda here kuti Mwari vachakupodzai, amai, mugere apo nechirwere cheshuga? Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza kuti ndimi ani? Munodaro? Mai Robinson. Ndiro zita renyu.

288 Isai ruoko rwenyu pamusoro pemurume uyo nekuda kwe hernia iyoyo, zvichida Mwari vanomupodzawo, zvakare. Kana mukazvitenda! Mungadaro here? Zvakanaka, changamire.

289 Mudzimai agere pedyo nemi, isai ruoko rwenyu paari, changamire, ane tsinga dzakazvimba. Munotenda here kuti Mwari vanopodza tsinga dzakazvimba vokunatsai? Munodaro, munogona kuva nekupodzwa kwenyuwo, zvakare. Munofanira kuzvitenda.

290 Zvino ndiko kusimbiswa. Mwari vakaita vimbiso, zvino vangani vanotenda kuti Kristu ari pano? Munozvitenda here? Zvino, imi mose munoda, muHupo hwaKe zvino, vanoda tsitsi kubva kwaAri, unoda tsitsi pamweya wako, uye unoda kuMugamuchira zvino uchiri muHupo hwaKe chaihwo, hwaratidzwa. Zvino ini . . .

291 Mumwe munhu anogona kuuya muno aine mavanga ezvipikiri mumaoko ake, nemadzvanga eminzwa oti, "Ndini Jehovha." Chero munyengeri upi zvake wekare anogona

kuzviita. Asi, Hupenyu! Mutumbi waIshe Jesu ugere kuruoko rwerudyi rweHumambo; paAnouya, nguva inenge isisipo, mutumbi iwoyo paunodzoka panyika. Asi Mweya waKe uri pano, Hupenyu hwaKe huri kupa humbowo hwekuti Ari pano. Maona? "Ndichange ndinemi, kunyangwe mamuri, kusvika kumagumo enyika."

292 Uye uchida tsitsi kubva kwaAri zvino, ungasimuka here kuti tinamate? Kwese-kwese muchivakwa, imi muri . . . chero kupi kwamuri, mungasimukawo here? Mwari vakuropafadzei, kumashure-shure uko. Ndizvozvo, ingorambai makamira. Ingosimukai netsoka dzenyu, ndizvo zvoga zvandinoda kuti muite. Ingosimukai kwechinguvana, kuti tinamate. Kana mungaMumiririra! Kana ukanyara naYe zvino, Achanyara newe pamberi paBaba; uye kana uchi—kana uchida kuMupupura zvino, Achakupupura pamberi paBaba. "Zvino ndinoda kugamuchira Kristu seMuponesi wangu. Ndinoda kuti Andizadze neMweya waKe iko zvino. Ndiri kuMuda." Chingorambai makasimuka kwechinguvana, kuti tinamate, kana mungadaro. Simukai. Ndizvozvo. Ndinoda . . . Ndiri kunzwa kutungamirirwa kuita izvi, kuita zvi- . . . Uku kudana vanhu kuartari. Simukai. Hatina artari yekuti muuye; moyo wako ndiwo artari yacho. Ingosundira kure kusatenda kwese, ugoziva kuti Ari pano zvino. Simukai netsoka dzenyu, imi munoda kugamuchira Kristu iko zvino, muHupo hwaMwari hwamuri kunzwa, hwasimbiswa zvino.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu.

293 Ishe Jesu, ndeveNyu. Makati, "Hapana munhu anogona kuuya kwaNdiri kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva." Uye zvino maererano nesainzi, havaigona kana kusimudza ruoko rwavo; murawo wegiravhiti unoti maoko edu anofanira kurembera pasi. Asi pane hupenyu huri mavari, uye hupenyu ihwohwo hwaunzwa pedyo neHupenyu Husingaperi, Kristu. Uye vaita sarudzo mumoyo mavo, yekuti vapedza nezvenyika. Uye vasimudza maoko avo ndokusimuka netsoka dzavo, vachishaisa maturo murawo weghiravhiti, nokuti mune humwe hupenyu mukati imomo. Naizvozvowo tinozvidza murawo wenyika nekusatenda!

294 MuZita raJesu Kristu, ndeveNyu. Ivo zvipo zverudo zveEvhangeri. Ivo zvirangaridzo zveMharidzo, manheru ano, uye . . . Hupo hweNyu hukuru hunesu. Isai mazita avo muBhuku reHupenyu reGwayana, Ipapo, Ishe. Tinonamata kuti—kuti mumwe nemumwe wavo ange ariko Ikoko, sevana veNyu, vadikanwa veNyu.

295 Vazadzei neMweya Mutsvene waMwari, mumwoyo yavo. Dai hupenyu hwavo hukanyatsozadzwa neSimba raMwari Samasimba, kuti kuzvininipisa nerudo nemutsa nehunyoro zvigoyerera zvichibuda kubva mavari, neshungu dzekuona

vamwe vachiponeswa, vaimbovawo muchinhano chavo. Zviiteiwo, Ishe.

296 Chinhu choga chatinogona kuita, Ishe, kutenda. Zvino vamira serangaridzo yekutenda kwavo. Uye zvino nekutenda kwangu nekutenda kwavo, pamwe chete, tinozviisa paartari yeNyu, nekutenda. Uye ivo ndivo chibayiro chirere ipapo, vakamirira Mwanakomana waMwari akapiriswa kuti avagamuchire muHumambo hwaKe. Zviiteiwo, Ishe. Iye zvino dai vakava veNyu, nemuZita raJesu Kristu.

297 Zvino iwe unotenda kwaAri nemoyo wako wese, wakasimuka, simudza ruoko rwako, uti, "NdinoMutenda. NdinoMugamuchira iye zvino seMudzikinuri wangu, uye ndinotsvaga rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene." Simudza ruoko rwako. Mwari vakuropafadzei.

Zvino mungagara henyu pasi.

298 Uye ndinoda kuti mugoenda kune imwe chechi, zvino, iye zvino.

299 Mangwana manheru tichava ne—nemusangano werubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, mangwana manheru, pano chaipo pachivakwa chino. Zvino, pane kupengereka kuzhinji kwavanodaidza kuti rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, asi izvozvo hazvireve kuti hakuna Mweya Mutsvene wemazvirokwazvo. Kune Mweya Mutsvene chaiwo wechokwadi waMwari, zvimwe chetezvo. Uye ndinotenda kuti Achasangana nesu pano mangwana manheru.

300 Zvino, vangani vari muchivakwa vakagutsikana kuti tave panguva yekupedzisira? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Vangani vakagutsikana kuti ichi iChokwadi, Shoko rinofanira kuve rakadai mumazuva ekupedzisira? Simudza ruoko rwako. ["Ameni."] Vangani venyu vari vatendi? Ninirai maoko enyu. ["Ameni."] Zvakanaka. Jesu akataura Mashoko aya, "Zviratidzo izvi zvichatevera avo vanotenda, kana uri mutendi."

301 Zvino vangani vari kuda Kristu mumutumbi wako? Simudzai maoko enyu. Zvakanaka, imi vatendi vagere pedyo navo, isai maoko enyu pamusoro pemumwe nemumwe. Uye manamatiro aunoita muchechi mako, ndiwo manamatiro aunoita pano. Usazvinamatire pachako. Iwe vanamatire; ivo vari kukunamatira. Uye Bhaibheri rakati, "Vachaisa maoko pamusoro pevanorwara, vachapora." Zvino iwe namata sezvaunoita, uye zvine vimbiso.

302 Ishe Jesu, ndeveNyu. Vagamuchireiwo muHumambo hweNyu. Uye podzai mumwe nemumwe, Ishe; nemahengechepfu aya. MuZita raIshe Jesu Kristu, zviiteiwo, Ishe. Satani arasikirwa nekubata kwake. Dai Simba raMwari Samasimba rikapodza munhu wese.

64-0403 Jehovha-Jire #2
4-H Club Barn
Louisville, Mississippi U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org